ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№57 (22.965) • 2015 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 31, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Зы ветерани гулъытэншэу къанэ хъунукъым

● ЗэІущІэхэр

Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум екъэлІа махуэшхуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэкІуэкІынымкІэ къыззгъэпэщакІуэ комитетым и зи чэзу зэІущІэр дыгъасэ КЪР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ. Абы хэтащ КЪР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, КЪР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, КЪР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников Владимир сымэ.

ЗЭІУЩІЭР къыщыззІуихым КІуэкІуэ Юрий жиІащ къэрал махуэшхуэр къэсыным мазэ 39-рэ фІэкІа зэримыІэжыр, абы сыт и лъэныкъуэкІи хуэхьэзыру зэрыпежьапхъэр.

- Ди пщэ дэлъ къаланэр хуабжьу жэуапльнигъэшхуэ зыпІытьщ, Хэку зауэшхуэм къыщытхьа Текіуэныгъэр зыхуэя хуэзэу гъэлъэпІа хъунымкІэ тхуэзэфІэкІ зыри экъэдгъанэ хъунукъым, - жиІащ КІуэкІуэм. - Ди гупльитІ нэхъыбэ зыльыдгъэсыпхъэр ветеранэращ. Унафэ зэрытщІам тету къулыкъущІэхэм зауэм хэтахэм фи нэІэ зэратебгъэтым Іуэхуфі куэд къызэрыпэкІуэр солъаГу. Абы адэкІи пыфщэну сыхуейт, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, зи ныбжьыр хэкІуэта ветеранхэр властым и гулъытэ щыщІэныр къемыззгъщ, - къыхигъащ КІуэкІуэм.

Текіуэныгъэ Иныр гъэлъэпІэным зэрызыхуагъэхьэзырымрэ а махуэхэм республикэм щекІуэкІыну Іуэхугъуэхэмрэ зыхуэдэхэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ КЪР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Абы жиІащ махуэшхуэхэр гукъинэжу, дахэу къызэгъэпэщыным къулыкъущІапІэ псори жыджэру зэрыхэтыр.

- Псом япэрауэ, Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу республикэм и т 238-м я щытыкІэр къэтлъытэри, зэгъэпэщжьынигъэ лэжьыгъэхэм иужь дихьащ, - жиІащ Къумахуэм. - Апхуэдэуи Совет Союзым и ЛІы-хъужьхэр зыдэса хьэблэхэм мемориал пхъэбгъуэр щыфІэдзэным, фІэлъхэр зыхуей хуэгъэззэным долажь, МафІэ Мыужьых 36-р нахьыгъэм и 1-м щыщІэдзауэ зэрылэжьнур дгъэпсащ. Къищынэмыщ1ауэ, кІалэ дэлъэдапІэхэр, уэрамхэр, паркхэр зауэм хэта нэхъыжьыфІхэм я суратхэмкІэ, удз гъэгъахэмкІэ дгъэщІэрэщІэнущ. Текіуэныгъэ Иным теуха дерсхэр, зэІущІэхэр, пшыхьхэр щекІуэкІынущ курыт школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм. Апхуэдэуи щІалэгъуалэм гущІэгъу яхэлъу, я тхыдэр ящІэжу къэхъун папщІэ ветеранхэм яІущІэныр, нэхъыжьхэм ядэІэпыкъуныр къызыдогъэпэщ. Театрхэм, концерт гъэлъэгъапІэхэм, библиотекхэм, Щэнхабзэмкі э унэхэм щекІуэкІынущ спектаклхэр, фестивалхэр, усыгъэм и пшыхьхэр.

Къумахуэм къызэхуэсахэм я пащхьэ ирилъхьащ накъыгъэм и 7 - 9 гуфІэгъуэ махуэхэм щыІэну зэІущІэхэр, пшыхьхэр щекІуэкІынну щІыпІэхэмрэ щыщІидзэну зэманымрэ.

КЪР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъунигъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** къыщыпсалъэм къытеувыІащ ветеранхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ, зыщІэс унэхэр зэгъэпэщыжьынымкІэ зэфІагъэкІахэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмкІэ зэрызыщІагъакъуэм. Ветеранхэм ядэІэпыкъун папщІэ ирагъэкІуэкІа щэбэт щІыхьэхум сом мелуан 14 къыззрихьэкІар, а ахъшэр дэтхэнэми сом мин 20 хуэзэу зэрыхуагъэушынур, кІанэр хуэныкъуэхэм защІэгъэкъуэным хухахыну зэрарубзыхуэр жиІащ министрым.

КЪР-м и зэнэкъокъуэ хьэмэныкІэ и министрым и кІалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Асанов Алим** тепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я узынщагъэм кІэлъыплъынырэ, ахэр зыхуей хущхьэхэмкІэ къызэгъэпэщынырэ я нэІэ зэрыщІэтыр.

Зауэм, Пэжьыгъэм, Іэщащэ Зэ-щІэуэзэда Къарухэм, Хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм я ветеранхэм я зэгухъэныгъэм и тхьэмадэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд** псалъэ щратым, нэхъыжьхэм кьабгъэдэкІыу КЪР-м и Іэтащхьэмэ кьулыкъущІэхэм фІыщІэ яхуищІащ, я гулъытэр ягу зэрыдыхьэр жиІащ.

- Къэралым къыщащта унафэр, ди Іэтащхьэм пщэрылъ ящищІэхэр жэуаплынигъэ ин яхэлъу кьулыкъущІэхэм зэрагъэззащІэр слъэгъуащ, - жиІащ ЦІыхъуэбахъуэм. - Ахэр унафэ ящІу лэжьакІуэхэм ящхьэщыт кьудейкъым, атІэ я Іэщхьэр дэхьеяу ядоІэпыкъу я нэІэ щІэт ветераным и унэр ззэпэщыжхэм, е зыхуэныкъуэ Іуэхутхьэбзэр хуэзыщІэхэм. Ар нэгъуэщІ кьалэщхуэхэм узыщримыхьэпІэн Іуэхущ, ди унафэщІхэм я гу пщІанагъэм и щІыхьэтщ.

КІуэкІуэ Юрий къызэхуэсахэм ягу къыгъэкІыжащ махуэшхуэм ирихьэлІэу зы ветеран екъуэхъуну кьащІыгъупщэ зэрымыхъунур, мы Іуэхур кьалэн пыухыкІам тегъ.мыхъу, гурэ псэкІэ гъэззащІэн, зауэм хэтахэм хуабагъкІэ ядэгуэшэн зэрыхуейр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Фейдэ пылъу зэдэлажьэным и телъхьэу

КЪР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхуэмкіэ и министрым и къуэдзэ Байсултанов Одесрэ республикэм и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щрагъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа Іуэху нэхъ гугъуехьыгъэхэм ятеуха зэІущІэ.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КЪР-м и Премьер-министр Мусуков А. Т., УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев З. Д., зыхуэфащэ министерствэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я унафэщІхэр.

Гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуащІахэм ящыщщ «Урысей Ищхэ (2014 - 2020 гъэхэм)» зыуэ щыт федеральнэ программэр республикэм гъэззащІа зэрыщыхьэр.

КЪР-м и Іэтащхьэм Урысей Федерацэм Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхуэмкіэ и министерствэм фІыщІэ хуищІащ республикэм нэрылъагъуу дэІэпыкъуэгъу къызэрыхуэхъум, зэпымыууэ я нэІэ къызэрытрагъэтым папщІэ. «Абы псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иІэщ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий, - щыналъэм щыІэ Іэмал, зэкІыпІэ псори зэщІэгъэуІуауэ къэгъэсэбэныным уеэзгъэувалІэ экономикэ щытыкІэ гугъум и Іэхъэнэм».

«Урысей Ипщэ» программэр, - къыхигъэщащ Байсултановым, - Къэбэрдей-Балъкъэрым къегъэщІылІа абы и Іыхьэр, 2014 гъэм нэсу гъэззэщІа хьуауц». 2015 гъэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщІын хуейр промышленно-производственнэ лъэщагъэхэм зегъэужьыныгъэр, абы и экономикэ Іыхьэм хэгъэхъуэныгъэр.

Нэсу зэпкърахащ социальнэ обьектышхуэхэр, абыхэм ящыщу лыш хуэфэр зыпкърытхэм щеІэзэну Налшык щащІ центрыр, Жэмтхьалэ Ипщэ къуажэм ныбжьыщІэ 320-рэ зыщІэхуэну дащІыхь курыт еджапІэр, нэгъуэщІхэри, уэхуэным мылъку хуэхэным пыщІа Іуэхуэхэр.

ЗэІущІэм хэтахэр и телъхьэщ Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхуэмкіэ министерствэм республикэр дяпэкІи быдэу пыщІауэ щытыным, социально-экономикэ къалэнхэр гъэззащІэным хуэунэтІауэ абы дэлэжьэным.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Дызыдэс уэрамым нэхърэ нэхъ жыжьэ дыплъэфын хуейщ

КЪР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. республикэм и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ жылагъуэхэр зэІуэпэщ щІыпІмрэ гъэкъэбзэнымрэ ятеуха зэІущІэ. Абы кърихьэлІащ муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр.

КЪР-м ЩІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэхэм я нэхъыбэм я щытыкІэр ефІэкІуащ. Кьалэхэми къуажэхэми нэхъ мащІэ щыхъуащ щхьэзыфІэфІу куэншыб идзыпІэ ящІа щІыпІэхэр. Щэрэдж районым иджы унагъуэхэм я кІэрыхубжьэрыхуэхэмрэ пщэнкІиймрэ пщІэкІэ щыдащ икІи а лэжьыгъэм цІыху щхьэхуэхэри къыхохьэ.

ПхъэнкІиймрэ куэншыбымрэ дэшыным, щІэтІэным, гъэсыным хуэгъэзащІэ Прохладнэ, Тэрч, Аруан, Лэскэн районхэм куэд щызэфІагъэкІ, ауэ лэжьыпхъэхэри нэхъ мащІэкъым. ЗэІущІэм хэтахэм гу лърагъэтащ М-29 федеральнэ автомобиль гъуэгум и гъунэхэр Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм щекІуалІэ щІыпІэхэм деж, апхуэдэу Прогресс къуажэм хуэзэу тэмэму зэрыщамыгъэхьабзэм.

ЩІыуэпсыр хъумэныкІэ законодательствэр илъэсыр къызэрыунэхурэ къызэрызэпаудам теухуауэ тхылъ 74-рэ ягъэхьэзыращ. Абы и лъэныкъуэкІэ я Іуэхур хуабжьу зэкІэлъымыкІуэщ Малкэ, Старэ Шэрэдж, Аушыджэр, Зеикъуэ, Псыгуэнсу, Лашынкьей, Ислъэмей, Кьыщэк, Дыгулыбгъуей къуажэхэм. Хуабжьу яуцІэпІащ Налшык псым (Александровкэ хьэблэм, Нартан къуажэм хуэзэу), Бахъсэн, Шэджэм, Шэрэдж псыхэм я Іуфэхэр.

«Жылагъуэхэм я Іэтащхьэхэм кэд елъытащ, - къыхигъэщхьэкІащ КІуэкІуэ Юрий. - Дызыдэс уэрамым нэхърэ нэхъ жыжьэ дыплъэн хуейщ. Куэншыбыр пхуэгъэмэщІэнукъым, цІыхухэр абы хуумыущиймэ. Езыр зи унафэщІ щыналъэр къабзэпльабзэу щытынир къызэзымыгъэпэщыфІ унафэщым зыри хуэзфІэкІынукъым. Дызытепсэлъыхь Іуэхур узыпэмыльэщын хуэдэкъым».

КІуэкІуэ Юрий жиІащ псы фІейкэр щагъэкъабзэ Іуэхущ1апІэхэр ухуэн, дэтхэнэ щІыналъэми щІэ къабзагъэмкІэ жэуап зыхь Іэнатіэхэр муниципалитетхэм я деж къыщызэрагъэпэщын зэрыхуейр. Абы и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІхэр республикэм и унафэщІым и пащхьэ ирилъхьажьын хуейщ 2015 гъэм накъыгъэм и 10-м фІэмыкІыу. КЪР-м и Іэтащхьэм зэІущІэм хэтахэм аргуэру зэ ягу кьигъэкІыжащ мы Іуэхум и щытыкІэмкІэ дэтхэнэ унафэщІми жэуап пыухыкІа зэрихьыр.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● АПК

Сом мелуан 858-м щІигъу

Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ зэращыІащ федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 226-м щІигъу къэрал дэІэпыкъунигъэу республикэм хуэхэным теухуа зи чэзу зэгурыІуэныгъэ щхьэхуэр. Ар мэкъумэш Іэнатіэхэм къыщагъэсэбэныныр. Мы тхыльыр тещІыхьащ гъавэ щэным, Іэщ гъэхъуным зегъэужьыным, ерыскъыпхъэхэм елэжьыным, апхуэдэу Іэщ1эвыщІэ лъэпкъыфІхэр щаІыгъыну псэуалъэхэр ухуэным, зегъэпэщыжьным субсидие щІыкІэу хуэзащІагъэуІуэ инвестицэ кредитхэм.

Илъэсым зэрыщІидзэрэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ КЪР-м и Правительствэмрэ зэгурыІуэныгъэ нэхъыщхьэу зырэ щхьэхуэу щырэ зэращыІащ. Абыхэм япкъ иткІэ, федеральнэ бюджетым къыхэкІыу сом мелуан 858,3-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Іэнатіэм хухахащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

КЪР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и къэрал комитетым и правленэм 2015 гъэм гъатхэпэм и 20-м иригъэкІыжкІа зэІущІэм псоми къагъэсэбэп М2 автомобиль транспорт лІэужьыгъуэмкІэ (автобус щІыкІэхэмрэ) Налшык, Прохладнэ кІалэ округэхэм щыхуэр къызэрыщІащІыным хуэзэ уасэр щигъэуващ. Абы ипкъ иткІэ, пщэдджыжьымрэ махуэмрэ сыхьэти 5-м къыщыщІэдзауэ 20 пщІондэ зэ итІыгъэ сыхьэт 15, пщыхьэщхьэмрэ жэщымрэ сыхьэт 20-м щегъажьауэ 5-м нэсыху тумэнитІ щІатынущ.

Псоми къагъэсэбэп М3 автомобиль транспорт лІэужьыгъуэмкІэ (автобусэхэмкІэ) Прохладнэ кІалэ округым и гъэгъуэм щызекІуэхэм папщІэ зы тариф - цІыхум хуэзэу сом 13 ягъэуващ.

2015 гъэм мазаем и 10-м къыщыщІэдзауэ гъатхэпэм и 6 пщІондэ Налшык и маршрути 8-м, Прохладнэ къалэм и маршрути 4-м цІыхуу къыщрашэкІыр зыхуэдизыр Іэнатіэхэм эздай комиссэ хэхам хэчыхьауэ кьипщытащ. А Іуэхур лэжьэгъуэ махуэхэми, зыгъэпэсхуГуэхэми ирагъэкІуэкІати, жэщ-махуэм кьиуфыдзэу зы автотранспортым Налшык щигъэІэпхъуэр щыІэ мардэм и процент 80, Прохладнэ къалэм - процент 60 щохъу. Мы бжыгъэхэр зэхуаусащ гъуэгупщІэр тэмэму ягъэувын щхьэкІэ. Иужьу апхуэдэ къэпщытэныгъэ щрагъэкІуэкІар 2012 гъэрщ.

Зэщхьэщыхауэ, зэманкІэ зэхуэгъэкІуауэ ягъэува тарифыр ІэмалыщІэщ, зытращІыхьар транспорт компаниехэр жэщ Іуэхутхьэбзэхэм тегъэгушхуэнырщ.

Уасэхэм ятеуха унафэхэм мэлыхьыхьым и 5-м кьару ягъуэтынущ.

КЪР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Тхэквондо

ЕкІуу, дахэу, зэщІэкъуауэ

Дызэрыщыгъуаззщи, Европэм тхэквондомкІэ и чемпионатыр, нэжэгужагъэмрэ гушхуэныгъэмрэ ебэкІыу, гъатхэпэм и 26 - 29-хэм Налшык щекІуэкІащ. Ар спортым щІалэгъуэмрэ зэныбжьэгъуфІэгъэмрэ я махуэшхуэу щытащ.

ЗЭПЕУЭМ хэтыну Налшык къэкІуахэт Австрием, Бельгием, Франджым, Армением, Азербайджаным, Болгарием, Хорватиеи, Кипрым, Финляндием, Португалием, Норвегием, Алыджым, Венгриеи, Исландием, Израилым, Италием, Молдовэм, Монакэм, Польшэм, Чехием, Румынием, Швецием, Сербием, Тыркум, Белоруссием, Украинэм, Урысей Федерацэм я спортсменхэу 150-м щІигъу.

Ялэ махуэм, гъатхэпэм и 26-м, зэпеуащ зи хьэлъагъыр килограмм 58-м нэсщІалэхэмрэ килограмм 49-м фІэмыкІа бзылъхугъэхэмрэ. ЦІыхухъухэм я деж къащыхэжаныкІахэр къыщапщытэжьым нАУэ къэхъуащ Португалием щыщ Браганда Руи ялэ увыпІэр, Молдавием къикІа Димитров Степан - етІуанэр, УФ-м и цІэкІэ абы хэта Поисеев Русланрэ Франджым щыщ Челамуту Диланрэ-ещанэр къызэрахьар.

Хьыджэбзхэм я деж щрагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм щытекІуащ Тыркум щыщ Илдирим Ракия. Сербием кьикІа Богданович Тижанэ етІуанэр хуагъэфэщащ. Ещанэр Италием и цІэкІэ мы зэпеуэм хэта Николи Эрикэрэ Хорватием щыщ Заникович Люсиерэ зэдагъэушащ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

(КІэухыр 4-нэ нап.).

Каримов Ислъам щытокІуэ

Узбекистаным вэсэмахуэ щекІуэкІащ президент хэхыныгъэхэр.

Къэралым и хэхакІуэ комиссэмки дунейм и щыпІэ куэдым икІа кІэлъыплъаКІуэхэми къызэрагъэлъэгъуамкІэ, хэхыныгъэхэр щытекІуащ Узбекистаным и иджырей президент Каримов Ислъам. Абы нэмыщІ, я кандидатурэхэр къагъэлъэгъуат цІыхуищым - Кетмонов Хатамжон, Саидов Акмаль, Умаров Наримон сымэ.

«Каримовым папщІэ Іэ яІэтащ цІыху мелуан 17,2-м. Ар хэхакІуэхэм я процент 90,36-рэ мэхъу. «Узбекистан Республикэм и президентыр хэхыным и Іуэхукіэ» законым и 35-нэ статьям дытету, иджы дэ дыхуитщ Каримов Ислъам къэралым и президенту зэрыхахар жытІэну», - къыхигъэщащ ЦИК-м и унафэщІым.

ЦІыхубэм я дзыхь аргуэру зрагъэзэ Каримовыр къэралым и унафэщІщ 1991 гъэ Іньандэрэ - Узбекистаныр къэрал щхьэхуэ зэрыхъурэ.

Афганистаным и президентым и лъэІукІэ

США-м и дзэ гупхэу Афганистаным щыІэхэм абы иджыри кьулыкъу щащІэнущ мы илъэсыр икІыху.

Абы теухуауэ зэгурыІуащ къэралитІым я президентхэу Обамэ Баракрэ Гани Ашрафрэ. Дзэхэр и къэралым ирамышьыжыным щІэлъэІуащ Афганистаным и Іэтащхьэр.

Афганистаныр мамыр псэукІэм техьэжьным хущІэкъу, абы теухуа хабзэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъ къарухэр къэралым икІыжмэ, щытыкІэр екІэкІуэжным тегузэвыхьри, Ашраф апхуэдэ лъэІукІэ зыхуигъэзауэ щытащ Америкэм и президентым.

Зэращыла зэгурыІуэныгъэм пащэу, США-м и армэм щыщ сэлэт минипщым нэблагъэ Афганистаным щыІэнущ.

НОБЭ

♦1940 гъэм, Зыхъумэжьныгъэмкіэ къэрал комитетым и унафэкІэ, «Т-34» танкыщІэр куэду къыщІагъэкІыу щІадзащ.

♦1966 гъэм дунейм щыяпэу СССР-м иутІыпщащ Мазэм и Іэрыщ1 спутникыр.

♦1991 гъэм Варшавэ Зэгурыуэныгъэм и Зэгухьэныгъэр зэбграутІыпщыкІыжащ.

♦1992 гъэм УФ-м щІыналъэ щхьэхуэ - Журт автоном область - къызэрагъэпэщащ.

♦2014 гъэм УФ-м и Президентым и унафэкІэ къыщІэзэрагъэпэщащ Кърымым и Іуэхуэхэмкіэ министерствэ.

♦Урысей кинорежиссер, актер, УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Гуэбэшы Амурбэч** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КБКъМУ-м и профессор **Пыл Іэуес** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, хьэрычэтыщІэ, псапащІэ **Къуэжьокъуэ Артур** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфрауэ, къеІэшхьэсу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Уасэхэр ягъэув

● ГъуэгупщІэхэр

Налшык и маршрути 8-м, Прохладнэ къалэм и маршрути 4-м цІыхуу къыщрашэкІыр зыхуэдизыр Іэнатіэхэм эздай комиссэ хэхам хэчыхьауэ кьипщытащ. А Іуэхур лэжьэгъуэ махуэхэми, зыгъэпэсхуГуэхэми ирагъэкІуэкІати, жэщ-махуэм кьиуфыдзэу зы автотранспортым Налшык щигъэІэпхъуэр щыІэ мардэм и процент 80, Прохладнэ къалэм - процент 60 щохъу. Мы бжыгъэхэр зэхуаусащ гъуэгупщІэр тэмэму ягъэувын щхьэкІэ. Иужьу апхуэдэ къэпщытэныгъэ щрагъэкІуэкІар 2012 гъэрщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Фочыр уамэ, хьэтыр щыІэжькъым.

● КЪБР-м и Парламентым и комитетхэм

Зауэм и ветеранхэм зэрадэIэпыкъунум топсэлъыхь

КЪБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым Iэнатlэ зэмылIужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр кърихьэлIэу иригъэкIуэкIа зэIущIэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырц, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр тэмэму яхуэщIэнырц.

- ЛIЫГЪЭШХУЭ зэрызэрахьам, мамыру икIи дефлакIуэ дыпсэуныкIэ Iэмалхэр кьызэрызэрагъэпэщам папщIэ дэ ди ветеранхэм яхуэтщI фIыщIэм гъуни нэзи иIэкъым икIиахэр нэхъыфIу, зыхуэИ хуэззу псэун папщIэ дэ зэфIэкIыу диIэр етхьэлIэну ди кьалэнщ. Нобэ абыхэм дэ даэрыдэIэпыкъуфынур ди гулъытэмрэ гудзакъэмкIэщ. Апхуэдэ гулъытэ ди нэхъыжьхэм щагъуэтын хуэйр махуэ лъапIэхэм защыкуэздгъэхьэзыр зэманым и зэкъуэкъым. Сытым дежи абыхэм я гугъуехьхэр дэдгъэкIыну псоми къыдбгъэдохуэ, - жиIащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ **Жанатаев Сэлим** зэIущIэр къыщызэIуихым.

КЪБР-м ПэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и департаментым и унафэщI **Къумыкъу Аслъэн** тепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэрпсэуупIэкIэ кьызэрызэгъэпэщар, абыхэм я псэукIэр социальнэ лэжьакIуэхэм къызэрапщытам. Абы кьрикIуахэм ящкъ иткIэ цIыху 300-м щIигъу ирагъэбыдыпIащ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэзыгъэкI комплекс центрхэм. Абы кьыдэкIуэу социальнэ лэжьакIуэхэм ятха акткэм кьыщагъэльэгъуащ ветеранхэр зыхуэныкъуэ адрей дэIэпыкъуныгъэ зэмылIужьыгъуэхэр.

Докладым кьыхэщащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я законодательствэм ипкъ иткIэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм ират дэIэпыкъуныгъэхэр зыхуэдэр. Псалъэм папщIэ, абыхэм псэупIэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ щIат уасэм щыщ Iыхьэ мазэ къэс хуапшныжьк. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдизыр ветеранхэр щыпсэу унэр зыхуэдэм тещIыхьащ, ахъшэм гъэ къэс хагъахъуэурэ иокIуэкI икIи иджыпсту ау ику иту мазэм сом 655-рэ мэхъу. Ветеранхэм, зауэм хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм ящыщу къуажэм щыпсэухэм газымрэ адрей гъэсынпхъэхэмрэ трагъэкIуадэм щыщу ику иту сом 3787-рэ хуапшныжьк.

Тылым щылэжьахэм ящыщу Хэку зауэшхуэм и ветерану кьалъытэхэм мазэ къэс хущIагъу ахъшэр сом 593-рэ мэхъу икIи ар 2015 гъэм мазаем и 1-м ирихьэлIэу цIыху 2844-м ирату щытащ. Тылым и лэжьакIуэхэм ящыщу адрей 4118-м социальнэ дэIэпыкъуныгъэ ират нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэмкIэ.

Къумыкъу Аслъэн зэрыжиIамкIэ, ветеранхэм ящыщу зи псэупIэр зэкIэпхъыныкIуэ цIыху 29-м ядэIэпыкъун папщIэ сом мелуан 29-м щIигъу хухахьнущ. Ветеранхэм я псэупIэхэр зэгъэпэщыжыным нэхъыбэу трагъэкIуадэр бюджетым щымыщ ахъшэщ, къапщтэмэ, нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ гъэ къэс ирагъэкIуэкI республикэ щэбэт щыхьэхум къыщалэжь ахъшэрщ. Нэхъыжьхэм ящыщу 436-м я псэупIэхэр зэгъэпэщыжьным 2010 - 2014 гъэхэм кьриубыдэу сом мелуан 19,8-рэ хухахащ, апхуэдэ лэжьыгъэм адэкIи пащэнущ.

Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы нэкъуэдыкъуэ щыхъуахэм ящыщу цIыху 425-м 2015 гъэр кьыщыуынэхум хуэззу дэтхэнэми сом мин 20-кIэ хуэупсащ. КЪБР-м и Iэтащхьэм кьыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ абы нэкъуэдыкъуэ щыхъуахэмрэ гъэ къэс ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу сом мин 20 иратынущ. Хэку зауэшхуэм хэтахэм хуитныгъэ 2014 гъэ лъандэрэ яIэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм кьриубыдэу жылагъуэ транспортымкIэ пщIэншэу къакIуахьну.

Адэкlэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и Iуэхущ1апIэу КЪБР-м щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Романовэ Еленэ**. Абы зэрыжиIамкIэ, дохутырхэм я чэнджэщым тету санаторхэм зэрызыщагъэхъуэжьын путёвкэхэр иратащ ветеранхэм ящыщу 82-м. Хэку зауэшхуэм и ветерану 77-м я лъэIуэхэм иджыпсту хоплъэ. Протез-ортопед дэIэпыкъуныгъэм и гугъу пщIымэ, заявкэ 327-м щыщу 320-р ягъэзэщIащ.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI **Мамхэгъ Иннэ** зэрыжиIамкIэ, республикэм и медицинэ Iуэхущ1апIэхэм гъэ къэс кьапщытэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я узыншагъэр икIи ахэр зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр яубзыху. Хуей хъумэ, медицинэм и лэжьакIуэхэр ветеранхэм я деж макIуэ икIи зыхуэфащэ Iэмэпсымэхэр кьагъэсэбэнурэ абыхэм я узыншагъэр кьапщытэ. Апхуэдэ бригадэхэм терапевт, хирург, невролог, отоларинголог, офтальмолог яхэтщ, ветеранхэм и узыншагъэр зыхуэдэм тещIыхьауэ нэгъуэщI Iэщ1агъэлIхэм зыщыгъэгъэпэщащ, тыншыпIэ псори я хэту.

Хэку зауэшхуэм и ветеран псори зыхуэныкъуэ хущхъуэгъуэзэмкIэ нэсу кьызэрагъэпэщын папщIэ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм заявкэ щхьэхуэ игъэхъэзырыщ икIи абы хиубыдэ хущхъуэхэр кьращэхун папщIэ республикэ бюджетым сом мелуани 6 кьиутIыпщащ. А хущхъуэхэр аптекэхэмрэ медицинэм и Iуэхущ1апIэхэмрэ кьаIэрыхьэу щIадзащ.

ЗэIущIэм хэтахэр зыщIэхущIапIэм ящыщщ санаторхэмрэ курортхэмрэ зэрагъакIуэ путёвкэхэр, хущхъуэхэр зэрытрагуашэр, ветеранхэм хэхауэ зэрадэIэпыкъуэ адрей Iуэхущхэр. А псоми ятеухуауэ чэнджэщ пыухыкIакъэр кьащтащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу

ЛIыгъэкIи лэжьыгъэкIи

Бахъсэн щIынальэм и ветеранхэм я район Советым и унафэщI Абазэ Анатолэ иджыблагъэ сигъэлъэгъуащ и адэ къуэш Зэрэкъуэ Хэку зауэшхуэм хахуэу зэрыхэтам щыхьэт техъуэ тхыгъэхэр. Абыхэм сыкъыщеджэм зэуэ си нэгу къыщIэуващи Хэку и щыхэхуитщIыжакIуэ нэсым и шыфэлIыфэр.

Абазэ Зэрэкъуэ *(щысырщ)* **и ныбжьэгъухэм я гъусэу.**

СИ НЭМ кьыфIэнащ 68-нэ фочауэ тенджызэ бригадэм и артдивизионым и парт организацэм и секретарыу щыта Тхьэщlокъуэ Мурадин «Кабардино-Балкарская правда» газетым къыдиригъэдза «ЩIакIуэ кIапэ» тхыгъэр.

«Сэ Абазэм и гъусэу мазибгъуакIэ сызэуащ, - игу кьыгъэкIыжькIэ Тхьэщlокъуэм. - ИкIи сыт щыгъуи телъыдж сщыхьурт ар зэи кьызэрымыдзыкэр. Мис бийр еуащ Зэрэкъуэ и топым. Ихъуреягъуи Iугъуэмрэ сабэмрэ щIагъэнащ. «ХэкIуэда мыгъуэ зэуэнщ», - плъэмыкIыу уогупсыс. Арщхьэкlэ Абазэр псэууэ кьыщIэкIащ: нэхъ пасэу щIыпIэм икIат».

Тхьэщlокъуэм 1942 гъэм и гъатхэм Таганрог и дежь кьыщыхъуами и гугъу ищIыжащ. Фашист танк щэ ныкъуэм нэблагъэ кьыщебгъэрыкIуэрт метр 500 - 600 фIэкIа зи мыбгъуагъ щIыпIэм. ПсынщIэ дыдэу кьакIуэрт, ауэ ди зауэлIхэм яхуэзэфIэкIащ а машинэхэм ящыщ ит лъэсырыкIуэхэм лъэщу яхуэзн. Топышэхэр трауГIыпщхьэурэ танкхэр ирахужьжащ.

ИкIуэтыжк танкищр Зэрэкъуэ зыхэт гупым и щыбагъымкIэ кьыщебгъэрыкIащ. ЦIыху яхурикъуртэкъым - блым ящыщу къэнэжар щы кьудейт. Дивизионым и унафэщIыкъ ирикъакъым псэзэпыльхьэпIэ ихуа ди зауэлIхэм. ЗдэIэпыкъуну - шэхэр дыдейхэм ятельэлъэнкIэ хъунут.

Арщхьэкlэ Зэрэкъушрэ абы и ныбжьэгъуэкэмрэ зэкIыпIэ къагъуэтащ: топыр яIуантIэри, кьебгъэрыкIуэхэм яхуэащ. ТанкитIыр я пIэм ижьыхащ, ещанэм топыр зэхипIытIащ, арщхьэкIэ Зэрэкъуэ идза гранатэм икъутащ.

Зауэм и пэщIэдзэм дамыгъэ лъапIэхэмкIэ куэд ягъэпажэртэкъым, лIыгъэшхуэ зэрахьами, зыщIыпIи кьыщыхьащIртэкъым.

Шэч кьытесхьэркъым Тхьэщlокъуэ Мурадин зауэм и ялэ мазибгъум Абазэм зэрихьа лIыгъэр щхьэтечу кьызэрIуэтэжам. Ауэ сэ сигу кьэкIырт Зэрэкъуэ, зэрэщыту кьапщтэмэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр кьыщIыфIащын хуей хахуагъэ кьигъэлъэгъуауэ. Арати, сыт щыгъуи сыхущIэкъурт абы и къекIуэкIыкIам теухуауэ, Iэмал зэриIэкIэ, нэхъыбэ зэзгъэщIэну.

Хуабжьу сыщыгуфIыкIащ Абазэ Анатолэ аргуэру си деж кьызэрыкIам. Иджы абы щыгъут Зэрэкъуэ и къуэ Замир.

- Елпытт дэ къыпхуэтхьам, - жиIэри пхъэ сындыку дахэ цIыкIум орденэмрэ медалхэмрэ кьыдихащ, фронт тхылъхэр стIолым кьытрилъхьащ. ЗанщIэу хьэкъ сщыхъуащ Зэрэкъуэ лIыхъужьыщIэ кьыфIащ зэрыпэтар. Щыхъ орденым и ещанэ нагъыщIэр, «Зэрихьа хахуагъэм папщIэ», «Зауэм кьыщихьа фIыщIэхэм папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ кьызэрыщихьам папщIэ» медалхэр, Сталин Иосиф и фIыщIэ тхылъ зыбжанэ, Маршал Рокоссовскэм кьыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъ...

Орденхэм ятеухуауэ псалъэ зыгIущ жыслэн хуейщ. Iуэхур зытетри 1944 гъэм и гъатхэпэм кьыщыщIэдзауэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зауэм и кIэм, кьызэрыратар аракъым. Сыт щыгъуи ятхыу щытащ Абазэм ЩIыхь орденым и етIуанэ, ещанэ нагъыщитIщ, сэ ар щысльэгъуащ орден тхылъым. Апхуэдизкьыщыхъуу щытащ фронтым.

КЪБР-м и Архив Iэнатlэм и Iуэхущ1апIэм сэ кьыщысщIащ зауэм и зэман нэхъ хьэлъэ дыдэм Зэрэкъуэ партым зэрыхагъэхьэжа щIыкIэм и хъыбар. Ар кьыщыхъуар 1942 гъэм и накъыгъэр. 1939 гъэм колхозым щылажьэу Абазэр партым хэтхэм я кандидат хъуат.

68-нэ тенджызэ фочауэ бригадэм и парторгыр кьеупщIащ:

- Коммунистхэм жэуаплныгъэ щхьэхуэ яхь. Уэ уи кьалэныр сытым хэпIьагъуэрэ?

- Фашистхэр танкхэмкIэ кьыщыщIэбгъэрыкIуэ зэманым зы шэ хъэмынэжьыу а хьэкIэжхуэкIэхэм сапэщIэтынущ, - итыжащ жиуат Абазэм.

ИкIи коммунист ныбжьыщIэм мыгувэу кьыгъэльэгъуащ и псалъэхэр зэригъэпэжыр.

... Нэмыцэ танкхэр кьебгъэрыкIуэрт. ЦIыпт щIэуфам ису топгъауэхэр ежьэрт ахэр хьэблагъэнэм. Наводчик Абазэм нэщанэм кьригъэубыдащ ялэ ит танкыр. Зэ фIэкIа емыуэу машинэм Iуэуэ кьыхихуащ. Адрейхэр икIуэтыжащ псынщIэу. Арщхьэкlэ, я кьарухэр щIэрыщIэу зэщIагъэуIуэри, аргуэру кьебгъэрыкIуэу хуежьащ. Ди топгъауэхэм танкитI якъутами, фашистхэр ерыщу кьэкIуатэрт. Топым и командирыр щауКIым ди зауэлIхэр Iэнкун хъуащ. Ауэ абыхэм зэхахащ макъ лъэщ: «Сэ сысержант Абазэрщ! Си унафэр вгъэзащIэ!». Бийм и мурадыр кьехъуIакъым.

Зэхэуэр увыIэжа иужь, къадзэIапIэкъуну кьэкIуахэм я щхьэфэщыр кьэгъэтэджащ ялъэгъуам. Мащэхэм Iугъуэр кьрихурт, мыбдеж щыта топым и лъэужьыр бзэхат. Мащэм кьрахыжа Зэрэкъуэ псы ирагъэфащ.

- Уэ IэкIуэлъакIуэу укъыщIэкIащ. Зауэм и пэкIэ дзэм кьулыкъу щыпщIа? - кьеупщIащ бригадэм и командирыр.

- ЩысщIащ, ныбжьэгъу командир! 1935 - 1937 гъэхэм артиллеристу сыщытащ.

- Ар кьызгурыIуащ. ДяпэкIи уи лIыгъэм дыщогугъ.

Старшина Абазэр ягъэуващ топым и унафэщIу. Зауэм и кIэм кьыIэрыхьащ миллиметри 100 зи инагъ шэхэмкIэ уэ топыр. Абы икъутэрт метр 500-кIэ, нэхъыбэкIэ пэжьжьэ танкыр.

Зэрэкъуэ яхэтащ ди къэралым и щIыпIэ куэд, Анклам, Фридланд, Нойбранденбург, Пихен нэмыцэ кьалэхэр хуит къэзыщIыжахэм, Мекленбург ебгъэрыкIуахэм. Бийм и гъуэм нэхъ гъунэгъу хуэхъухукIи зэхэуэхэр нэхъ гуащIэ хьурт.

ПсэзэпылъхьэпIэ куэдрэ ихуащ адыгэ щIалэр. Ауэ, яфIэтелъыджэу, псэууэ кьыхэхкIырт.

- Абы и Iэпкъльэпкъым шэр пэльэщыркъым, - гушыIэрт и ныбжьэгъухэр.

1941 гъэм накъыгъэм и 1-м Абазэм кьызэрыхьащ Сталиным и фIыщIэ тхылъыр, и бгъэм кьыхихутащ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщIэр.

ТекIуэныгъэр къэсащ, арщхьэкlэ Зэрэкъуэ дзэ кьулыкъум пищащ. Щалъхуа Дыгулыбгъуей кьагъэзэжащ и къуажэгъуэхэм: хэт зэрыдзэкIауэ узэшнзэу, хэти ныкъуэдыкъуэу, я бгъэхэм дамыгъэхэр кьыхэцIуукIыу.

1945 гъэм и бжьыхьэри къэсащ, ауэ Абазэр кьэкIуэжыркъым. И анэ Шарифэ мэгузавэ: къуищ зауэм игъэкIуащи, зыми кьагъэзэжакъым. Зи закъуэу кьэна бзылъхугъэр (и щхьэгъусэр нэхъ пасэу дунейм ехыжат) жэщкIэ жейм еэзгъыркъым.

Абы и щIыIужкIэ фронтым кьикIыжахэм ящыщ зым (абы и цIэр кьысIуэну сыкуейкъым) игъэIуащ Зэрэкъуэ зауэм хэкIуэдауэ.

Апхуэдэ хъыбар гущIыхьэ кьызыIэрыхьа анэр магъ. Зи бын зыфIэкIуэдар еэым зэримызакъуэр кьыгурыIуэжщ, зызэтриубыдэжри, яужь ихьащ кьурIэнаджэ ищIыну. Ерыскъыр ягъэхьэзыращ, хъыджэбзхэмрэ щIалэхэмрэ пщIантIэм дэтщ нэхъыжьхэм кьыжраIэр ягъэзащIэу.

ИкIи, пэмыплъэхъауэ, жащ кIыфIыр дыгъэм кьигъэнэхуащ. ПщIантIэм кьыдыхьащ зауэлI фащэ екIу зыщIигъ цIыхухъур.

- Сыт ди деж кьыщыхъуар? ЩхьэхуэкIуэзэхуэса цIыхухэр? - щIэупщIащ нэщхьейуэ.

Къэзыщыхужа Iыхьлъхьэмрэ гъунэгъуэхэмрэ зрадзауэ Зэрэкъуэ Iэплъэ хуащI, я нэпсхэр иральэщIэкI.

- Дэ зыгуэр дыхъунщ, уэ къыджеIэ къэхуэар?

- Сыт къэбгъэхъунур? Зауэр иххати, къэзгъэзэжащ, си анэ.

- Алыхьым и ФIыщIэщ, - мэуущащэ и анэр. Абы иджыри ищIэртэкъым адрей и кьуитIыр - МатIэрэ Нурхьэлийрэ - зауэм зэи кьызэримыкIыжыну...

КъурIэнаджэр гуфIэгъуэ Iэнэм хуэкIуащ. Нэхъыжьхэр хуэхъуэрт Зэрэкъуэши текIуэныгъэ кьахуэзыхьа псоми папщIэ.

Сэ, дауи, кьызгуроIуэ хэсIуэтэжыр кьэзгупсысауэ языныкъуэхэм кьаззрыщыхьуну. Ауэ ДыгулыбгъуейI щхьэгъусэхэм ар ищIэж. Псалъэм и хьэтыркIэ, и гъунэгъу БешкIуэ Iэбу кьитха тхыгъэр абы щыхьэт тохъуэ. Абы кьыхегъэщхьэхуI зауэм и мызакъуэу, лжжыгъэми хуабжьу кьыщыхэжанык1а Абазэм и цIэр езыр щалъхуа кьуажэм и уэрамхэм ящыщ зым фIащын хуейуэ.

ЖкыслэнщI, Хэку зауэшхуэм и пэкIи Зэрэкъуэ хунэсащ колхозым учётчикэу, бригадиру, заявхэзу щыIэжкъэн икIи зэи и хьэкъ кьызыгринакъым.

Си пащхьэм илъщ ВКП(б)-м и Бахьсэн райкомым и бюром 1946 гъэм щIышылэм и 17-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм Абазэ З. Д. Кьизбрун Ещанэм Каганович и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым и унафэщIу гъэувыным теухуауэ кьыщта унафэм и копиер. Зэрэкъуэ и кьару псори ирихьэлIащ зэхэкъута колхозыр зэфIэгъэувэжыным. Iэхэу куэдыкIей зэфIигъэкIын уэрэ хьурт, губгъуэм иту нэху кьыщыхтещхьэ щыIэт. Сыт щыгъуи кьыгъуэтырт щытыкIэ гугъуэ кьызэрикIыну Iэмал.

Кьуэжэм щыIэ колхозиплIыр 1953 гъэм зыуэ зэгуагъэхьэжри, унафэщIу КIуэкIуэ Мухьэмэд, абы и кьуэдзэу Абазэр хахащ. ИужькIэ Зэрэкъуэ ирихьэкIащ кьуажэ Советым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI кьулыкъыр. Кьуажэдэс псоми пщIэшхуэ хуащIырт гудзакъэ зыхэтIь, Iэхэуэм кууу хэзыщIыкI цIыхум.

Зыпэрыта Iэмэтlэ псоми зэрэхуэлIам щыхьэт тохъуэ «ФIы дыдэу зэрылажьэм папщIэ» медалыр, ВДНХ-м и дыщэ медалымрэ (1970) дыжьын медалитIымрэ (1957, 1969).

ГъащIэ кIыхь имыIами, Абазэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ ди ТекIуэныгъэ Инми щалъхуа кьуажэм зегъэузэщIынми. Нэхъыбэжи хуэзэфIэкIынут илъэс 61-рэ фIэкIа и мыныкIыбжьу автомобиль зэжьэхэуэм хэмыкIуэдамэ.

Иджы абы и фэеплъ нэхур и къуэ Замир, ипхъуэу Зерэрэ Заретэрэ я мызакъуэу, ягу илъщ къэзыцIыхуу щыта псоми. Кьыхэзгъэщынщи, Абазэм и бын псоми псэукIэ зэпэщ яIэщ, Зерэ КЪБР-м щыIэхь зиIэ и дохутырщ.

КьытщIэхъуэ щIэблэм ящыгъупщэ хъункъым Абазэ Зэрэкъуэ Дыкъуэ и къуэм хуэдэ цIыхухэм зауэми лжжыгъэми щагъэлъэгъуэ зэфIэкIыр.

НЫР Iэуес,
Бахьсэн районым кьыщыдэкI «Бакканские вести» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ.

Хъупсырокъуэр зэи тщыгъупщэнукъым

● Фэеплъ пшыхь

АР-м и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий и псалъэ

Сэхъуэсым Федерацэмкlэ и Советым щыIэ Хъупсырокъуэ Мурат

Адыгэ лъэпкъым кьыхэкIа еджагъэшхуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысей Федерацэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Адыгейм и ЩIыхь» и медалыр, Зэныбжьэгъугъэ орденым и 3-нэ, 4-нэ нагъыщIэхэр зыхуагъэфэща жылагъуэ лэжьакIуэ Хъупсырокъуэ Хьызыр ЗэкIэмбэчыр и къуэр илъэс 85-рэ щрикъу махуэм Черкесск къалэм фэеплъ пшыхь щекIуэкIащ. Абы кьрихьэлIащ КъШР-м, КЪБР-м, АР-м я лIыкIуэхэр, хамэ къэралхэм къикIа хьэщIэ лъапIэхэр, щIэныгъэрылажьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр.

АДЫГЭ Республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий, Фэеплъ пшыхьым хэтащ ТкIуп-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Къардэн Мурат**, республикэм и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщI **Салпагаров Елдар**, Парламентым и депутатхэр, КЪБР-м, КъШР-м, АР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и Лауреат, Хьызыр кьыдеджа, кьыдэгъуэгурыкIуэ и ныбжьэгъуфI Мэшбащ1э Исхьэкъ, ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъуроковъ Хьэутий, КъАХ-м и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Хьэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и лэжьакIуэ, Хьызыр илъэс куэдкIэ дэлэжьа, филологие щIэныгъэхэм я доктор БакIуу Хьанджэрий сымэ, нэгъуэщIхэри.

Пшыхьыр щIидзэн и пэ кьихуэу видео нэтынкIэ ягу кьагъэкIыжащ Хъупсырокъуэ Хьызыр и къекIуэкIыкIар: кьызыхэкIа унагъуэр, и сабиигъуэмрэ щIалэгъуэмрэ, зыпэрыта Iэнатlэхэм щызыIэригъэхьа ехьулIэныгъэхэр, цIыхухэр кьызэрыхущытар кьызэщырт абы.

КъШР-м и Iэтащхьэм кьыбгъэдэкIыу пшыхьым кьыщыпсэльащ Саллагаров Елдар.

- Ди гуапэу фIыкьыдогъэблагъэ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, ди республикэм щыпсэу лъэпкъыу хъуам кьабгъэдэкIа лIыкIуэхэр, анэдэлъхубзэхэм зегъэужьыныкIэ, ди щIыналъэм щыпсэухэм яку зэгурыIуэныгъэ дэлъыным хуэунэтIауэ куэд щылэжьа, цIыхухэм я гум Iуэхуфlэхмкlэ кьина Хъупсырокъуэ Хьызыр Хьэжбэчыр и къуэм и фэеплъыр гъэлъэпIэным кьекIуэлIахэр.

Хъупсырокъуэ Хьызырщ япэ дыдэу шэрджэсхэм ящыщу филологие щIэныгъэхэм я доктор хъуар. Профессору, литературэджу, прозаик щэджащэу, егъэджакIуэ нэсу, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу щытащ, илъэс куэдкIэ республикэм и щIэныгъэ-егъэджакIуэ Iуэхущ1апIэ пашхэм лэжьыгъэ щриихьэкIащ. Хьызыр литературоведенэмкIэ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм и тхыдэмкIэ щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд и Iэдакъэ кьыщIэкIащ, адыгэ литературэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ, - жиIащ Салпагаровым.

АР-м и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий кьытеувыIащ Хъупсырокъуэ Хьызыррэ езымрэ зэныбжьэгъуфIу зэрыщытам.

- Си гуапэу кьыхэзгъэщыну сыхуейщ щIэныгъэлI щаджащэр, цIыху зэчиифIэр си ныбжьэгъуфIу зэрыщытар. Хьызыр акъылышхуэрэ щIэныгъэ инрэ зыбгъэдэлъ, кьызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэ цIыху щэджащэт, гуапагъэ кьызэбжIт. Сыкуейщ фIыщIэ яхуэсщIыну мы Iуэхур кьызэзгъэпэщахэм, дыкьеэзыгъэблагъахэм. Зэманым дауэ зимыхьэужми, ди хэгъэуэгухэмрэ абы щыпсэу лъэпкъэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр, лъагъуныгъэр дгъэкIуэд хъунукъым, аращ Хъупсырокъуэ Хьызыр и гъащIэ псор зытриухуар, - жиIащ Тхьэкlуашынэ Аслъэнджэрий.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа лIыкIуэхэм кьабгъэдэкIыу кьэпсэльащ Сэхъуроковъ Хьэутий.

- Я1пэрауэ, сыхуейщ ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий кьыбгъэдэкI псалъэ гуапэхэр фи деж нэсхьэсхьыну. Ди жагъуэ зэрыхьущи, нобэ блэкIа зэманым иту дытопсэлъыхь зи щIыхьыр лъагэу мы пшыхьым щаIэт щIэныгъэлIым, тхакIуэ цIэрыIуэм. Кьыхэрэщыпхъэщ Хъупсырокъуэм кьигъэна щIэныгъэ щIэин лъапIэр иджыри илъэс куэдкIэ зэрысэбэпынур. Ди фIэщ мэхъу лъэпкъым и къуэ нэс Хъупсырокъуэр Хэкум хуэпэжу, хуэзэфIэкI хуищIэу зэрыпсэуар хэти щапхъэ зэрыхъухуэхъунур, - кьыхигъащIащ Сэхъуроковым.

Хьэутий кьызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиIащ адэфIым хуэфащэ кьуэуэ Назири зэрыщытар, адэшхуэми, адэми я Iуэхуфlэхэм пищуэ кьылыкIу лъагэм пэрыт Хъупсырокъуэ Мурати (АР-м и лIыкIуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым хэт сенаторщ) абыхэм я щIыхьэр зэриIыгъыр. ИкIи ДАХ-м и ЩIыхь тхылъымрэ и дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ кьызызэхкIа лъэпкъым хуиIэжь Iэхуфlэ щIэ папщIэ Мурат хуигъэфэщащ.

Псалъэ гуапэ куэд жалащ пшыхьым кьекIуэлIа, Хъупсырокъуэ Хьызыр кьыдэгъэгурыкIуа, и ныбжьэгъуа, кьыдэлэжьа, иригъэджа цIыхухэм. Кьыхагъэщащ Хъупсырокъуэм адыгэхэм я литературэр джыным гуащIэшхуэ зэрырихьэлIар, лъэпкъым и бзэмрэ и литературэмрэ я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIар, зэчий ин зиIэ щIэныгъэлIу, тхакIуэу, цIыху гуапэу, ныбжьэгъу пэжу зэрыщытар.

Апхуэдэу кьэпсэльащ КъШР-м и Тхакlуэхэм я союзым и унафэщI Бэчыжь Лейла, щIэныгъэлI БакIуу Хьанджэрий, нэгъуэщIхэри.

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм я цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим, УФ-м и цIыхубэ артист Гъэт Хъусин, Адыгэ-Хьэблэ муниципалIэ районым и «Ридадэ» сабий къэфакIуэ гупым, нэгъуэщIхэми.

Хьызыр и фэеплъ пшыхьыр кьызэзгъэпэщахэмрэ абы хэтахэмрэ фIыщIэ яхуищIащ Хъупсырокъуэ Жамбот.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Нэхущ Чэрим адыгэ уэрэдыжь егъэзащIэ

Фэеплъ пшыхьым кьрихьэлIахэр

Лъапсэрых

• Тхыдэ

ХьэтIохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ и лъэпкъым и кIуэдыжькIар, архивым хэлъ Iуэхухэм къаззрыхэщымкIэ

Мы гъэм илъэс 78-рэ ирокъу пщы цIэрыIуэу щыта. ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ (Зеикъуэ) къуажэр къызэзыгъэпэща ХьэтIохъущокъуэхэ я унагъуэр зэрагъэкIуэдрэ.

Газетеджэ къудым яфIэгъэщIэгъуэнщ алъэпкъ щIэрыIуэм я дуней тетыкIам, я псоукIам, я кIуэдыжькIам щыгъуазэ зашIыну. Абыхэм я фIэфIыныгъэр къалытагъэу, нобэ редакцэм тредзэж 1996 гъэм гъатхэпэм къыдэкIуэу щыта «Адыгэ псалъэм» тета «Лъапсэрых» жыхуиIэ тхыгъэр, кIэух псалъэ щIыгъуажэу.

Кургъуокъуэ

Исмел-Псыгъуэ

Адэлджэрий

ХьэтIохъущыкIуэ

ИлъэС щIигъуащ абы лъандэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кIуэцI IуэхуэмкIэ и министерствэм политикэ щхьэусыгъуэкIэ лей зраха цIыхухэр кей щIыжьнымкIэ и къудамэм сыщылажьэрт, абы и унафэщI къалэныр си пщэм кьыдалъхьауэ. ЦIыху куэдым къагъэхь лъэIу тхыльхэм япкъ иткIэ, лэжьыгъэм дыззырихулIэми къыхэкIыу, дэ куэдрэ къытхуихуащ архивым кьыхедгъэхьлурэ тIощI, щэщI, плIыщI гъэхэм политикэ и лъэныкъуэкIэ ягъэтIыса, щIыпIэм ирашэ е нэгъуэщI тезыр зытралъхьа зыкъомым (пэжыр жыпIэмэ, а тезырыр къэзылэжьари мащIэтэкъым) я уголовнэ, административнэ Iуэху зыбжанэм дахэпльэну икIи ахэр щIэдджькIыну.

Апхуэдэ Iуэхухэм ящыщт зи хьыбар куэдрэ зэхэсха, тхыдэм пыща тхыгъэхэм мызэ-мытIэу сызыщихьэлIа лъэпкъ цIэрыIуэм - ХьэтIохъущокъуэхэ ящыщ цIыхухъу гупым яйри. Зызымысыжьнщи, мыбыхэм я Iуэхур нэхъ гукъинэж сщыхъуащ, ахэр си къужжэгуу зэрыщытым къыхэкIыу...

Ауэ хэтыт ахэр езыхэр - ХьэтIохъущокъуэхэ? Сытыт ахэр зищIысыр? Сыт я псэуIэт? Сыт я Iуэхущафэт? Адрей куэдым ахэр сыткIэ къащхьэщыкIрэт? ЦIыхугъэкIэт? ЗIэныгъэкIэт? ЛIыгъэкIэт? МылъкукIэт? Дэнэ жылагъуэт ахэр зыдэсари? Куэдрэ абы щыпсэуат?

Тхыдэм къызэрыкъущымкIи, архивым щIэлъ тхыльхьмпIэ зыкъомым къызэрыщыгъэльэгъуэмкIи, я къуажэгъу куэдым къызэрарIуэтэжымкIи, ХьэтIохъущокъуэхэ уей-уей жезыгъэIэ пщыуэ щытахэщ. Абыхэм ящыщ зыкъомыр Урысейм гурэ псэкIэ бгъэдэтащ, хьэлэлу хуэлэжьащ. КъызыхэкIа адыгэ лъэпкъым пэжу яхущытащ. Пащтыхь пщIантIэм ахэр дэтащ, хуиту щысэкIуэу. Абы иригъэкIуэкIа зауэ куэдым жыджэру хэтахэщ, полковник, подполковник, нэгъуэщI офицер цIэкэр зэрахьэу. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу, илъэс 300-м щIигъукIэ Урысей къэралыгъуэм и тепщэу щыта Романовхэ я унагъуэм мыбыхэм пщIэ къыхуащIырт. Абы и щыхьэтщ, къапщтэмэ, пащтыхь Александр II и къуэш пщышхуэ Михаил 1869 гъэм накъыгъэм и 7-м ХьэтIохъущокъуэхэ я унагъуэм хьэщIапIэ къэкIуауэ зэрыщытар.

Еджагъэшхуэ, щIэныгъэлI зыкъомым къызэрахутамкIэ, урыс усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил и поэмэ хьэлэмэт «Измаил-Бей» жыхуиIэр зытратхыхьар мы лъэпкъым ящыщ лIы щыпкъущ. ХьэтIохъущокъуэхэ ящыщт адыгэ тхыдэм, бзэм, литературэм хэпльэныгъэшхуэ хуэзыщIа ХьэтIохъущокъуэ Къазии...

А псом къыдэкIуэу абыхэм щышхуэ яIыгъащ, мылъкушхуэ ябгъэдэлъащ, иджырей Налшык парк хьэлэмэтыр, япэм «ХьэтIохъущокъуэхэ я хадэ» жыхуаIэу щытар яхэтыжу...

Зеикъуэ къуажэ Советым щэкIуэгъуэм и 22-м 1937 гъэм къэрал кIуэцI IуэхуэмкIэ цIыхубз комиссариатым и органэм ритауэ щыта справкэм щыщ:

«ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭ ХьэтIохъущыкIуэ Аслъэнбэч и къуэр (мыращ лъэпкъыр щыхэкIуэдэжым нэхъыжьу яIар) пщыуэ щытащ. Кърым хъаным и пхъур и щхьэгъусэщ. Революцэм и пэкIэ абы иIащ шы лъэпкъыфIу 1.000, щIащэ шыуэ 400, жэщ 200, мэлу 800, бжэну 200, Iэщ Iэвыщ Iуэ 400. ЦIыуэ яIэщIэлъащ: Щэджэм щIынальэм и деж гектар 4 000, Минвод и Iэшэльашэхэм хуэзэу - гектар 3 000, Зеикъуэрэ Гундэлэнрэ я зэхуакум дэлъу - гектар 2.000, мэкъупIэу Бахъсэн ауэм щаIащ - гектар 3.500-рэ, Къулъкъужынрэ Зеикъуэрэ я зэхуакум дэлъу - гектар 400. ЛIыщIэу 450-рэ яIыгъащ. Псыхуабэ, Нартсанэ, Владикавказ, Налшык, Мэздэгу, Киев, Минвод кьалэхэм, Зеикъуэ, Гундэлэн къуажэхэм псэупIэ унэ щаIащ.

Iэ щIадзыжащ

ПщыцIэР зэрахьэ, лъэкIыныгъэшхуэ яIэ, мылъкушхуи ябгъэдэлъ щхьэкIэ, къуажэдэс нэхъыжьхэм жаIэжу зэрыщытамкIэ, ХьэтIохъущокъуэхэ цIыху дыджакъым, псом хэмыдэжу я къуажэгъуэхэм я дежкIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэ зыбжанэ къэпхь хъунущ. Абыхэм ящыщщ, къапщтэмэ, ХьэтIохъущокъуэхэ я гъунэжу дыдэу псэуа БжьыхьэпI Темырбэкан къиIуэтэжауэ щыта мы хъыбаритIыр.

Ялэ хъыбар. ЩIыпIэ жыжьэ гуэрым къраШри, ХьэтIохъущокъуэхэ я пщIантIэ хуитыжьуэм жыгъщIэ куэд щыхасат, ди лъэныкъуэмкIэ къыщыкIхэм яхуэмыдэу. Уэрамым дэзутIыпщыкIа си бжэн гупыр, щхьэрыутIыпщ хъури, а пщIантIэм дыхьащ икIи жыгыщIэ хасахэр къиграф ящIащ, зэхагъухьащ, я щхьэкIэхэри пашхыкIащ. Iуэхуэхьэу пщым и деж щылажъэ ди къуажэгъу гуэрым (я цIэ-унэцIэр хитIуэркъым) зэран хъуа бжэнхэр «гъэру» иубыдри, чэтым щIиубыдащ.

Зыкъомрэ къэту къекIуэлIэжа ХьэтIохъущокъуэр, гурыIуэгъуэу зэрыщытщи, Iуэхуэхьэм ещIащ езыр къэтхуэу и унагъуэмрэ къуажэмрэ къыщыхъуакъыщыщIа IуэхуэхмкIэ.

- Псори хъарзынэт, - жеIэр Iуэхуэхьэм, пщыр къызэреупщIам и жэуапу, - ауэ Темырбэкан и бжэн гупыр къыщыхъуэрыурэ, пщIантIэм щыхаса жыгыщIэхэр Iисраф ящIащ. Ахэр чэтым щIэзубыдауэ щIэтщ, зыкъом щIауэ.

А хъыбарым едэIуа ХьэтIохъущокъуэм:

- КIуэи Iэщыр зейм етыж! - жиIэри пыупщIауэ унафэ ищIащ. Темыркъан бжэнхэр хуякIуэу диткIын хуейти, дигъэкIащ. Езы бжэнхэмэ, шхэн хуейти, жыгхэр ягъащ. Уэ мыбы ущыдэтыр абыхэм ракIэпльэпльэн хуейуэ аращ, армыхьуамэ бзэ зимыIэ Iэщхэмрэ лажьэ зимыIэ Темырбканрэ тезыр ятеплъхьэн хуейуэ аракъым...

ЕтIуанэ хъыбар. Къуажэм щыщ мэкъумэщыщIэ гуэр (и унэцIэр сщIэжыркIэ, ди жагъуэ зэрыхъущи) мэз кIуат, унэ кьригъэжьам ирихьэлIэн гъащхьэ кьишэну. ЗдэкIуэр псори зыхьихьэ, псоми паупщIуэ цIырхъ хъуа кьуажэ мэзыртэкъым, атIэ щхьэхуэу пщым Iэщ Iэпь щыпIэм итырт. КIуат, тIэкIу «зигъэгъущащэр». Гу зэщIэщIам тевэву пиупщIа пхъащхьэр икъуэжу здащыпым, «шокъу» жиIэу абы кьыIуауэ мэзыр зей ХьэтIохъущокъуэр, щакIуэ кьыдиша хьэщIа гупыр и гъусэу.

«Дыгъу» яубыдар къэукIытащ икIи кьэгъэващ. Абы жиIэнэр кьыхуэгупсысыртэкъым, зэрызищIынри ищIэртэкъым.

- Сложь, унэ тIэкIу пщIыуэ ара? - щIоупщIэр пщыр, и къуажэгъу лIым къыбгъэдыхьауэ.

- Арат... Къыхуэгъэгъу, кхъыIэ, къемызэгъ сщIащ.

- Къемызэгъ блэжьакъым. Мыбы уримыкъымэ, кхьитегъэзэжи, узыхуейм хуэдиз пхъащхьэ пыупщI... - Ар жиIэри, ХьэтIохъущокъуэр екьэжащ.

ХЬЭТIОХЪУЩЫКЪУЕЙ Ипщэ (иджы ЗеикъуэкIэ здэжь къуажэм) кхакIуэу (хэт ищIэн къэкIуэпаУэ щытами?), ар здэщыс щыпIэ дахэр набдзэгубдзапIэу кьызэхилпльихьа фIэкIа пщIэнтэкъым «Измаил-Бей» поэмэ цIэрыIуэр зи Iэдакъэщ Iэкl Лермонтовым апхуэдизкIэ тэмэму икIи Iэзэу а щыпIэм и пейзажыр кьритхэкIати:

Бгым дыгъэпсэм ящихъумэу
Зей жыг куэдкIэ щахьауэ
Егъэзыпlэ ящIа жылэр
Щыст, псы Iуфэм щикъуфыкъауэ.

УсакIуэшхуэм зэритхыжьмкIэ, лэгъупыкъу кьудейри мы щыпIэм и деж егъэлеяуэ щыдэхэт.

Абы дежьм мызэ-мытIэу
Тельыджащэу,
щхьэкъэIэплъыкIэу
Лъэмыж дахэ пшэм
хищIыхьыт.
УкIуэн папщIэ уафэ гъуэгукIэ
Зы бгым уикIыу адрейм...

Псом хэмыдэу мы пейзаж хьэлэмэтыр кьуажэр зыгъэтIысауэ щыта ХьэтIохъущокъуэхэ я унэм, я пщIантIэм, я лъапсэхэм и деж икъужэ щынэрылъагъут. Иджы интернат еджапIэр зэрыт, 1909 гъэм езыхэм ящIауэ щыта унэри здэщыта а щIыпIэм пэмыжыжьэу гупэмкIэ къит бгым дыгъэ бзийхэр щIэх дыдэ кьатригъапсэркъым. Мывэжьхэм дэлъей-кьелъыхьыурэ икIи щыгъу хуэлIа Iэщым хуэдэу, нэпсейуэ Iуфэр зыбзеижу ежэх Бахъсэн псыри мыбы и дежьм щыгъунэгъущ, къэрэгъул пэжым ещхьу, гупэмкIи щIыбагъэмкIи къуажэм къыщхьэщыт бгыжьхэри мы куейм и деж нэхъ щызэхуокIуэжыр...

ЩIыпсэуэ мыбдежьм ХьэтIохъущокъуэхэ. Ильэсищэ бжыгъэкIэ щыпсэуащ. Иужьым, 1925 гъэм Нартсанэ кьалэм Iэпхъуэжауэ щытахэщ. Абы икIри, борэным ирихьэжьа жьуджэлэхэм хуэдэу, ахэр хэт Азербайджаным, хэти Куржым, хэти Тыркумэным, Тыркум, хэти нэгъуэщI щIыпIэхэм Iэпхъуэуэ щытащ, я щхьэм щыпышэжу, я псэм тегъэзыхьыжу.

Я гъащIэр гугъу-тыншми, IейфIыми, хьэлъэ-псынщIэми ХьэтIохъущокъуэхэ псэурт. Лажьэрт. Еджэрт. Шхэжьрт. Ауэ...

1937 гъэр екIуэкIыт. Бжьыхьэ лъэхъэнэт. Жэпуэгъуэ мазэр иухырт, щэкIуэгъуэр хихьырт, Ягодэ Генрих и пIэм иува Ежов Николай (тIури СССР-м Къэрал кIуэцI IуэхуэмкIэ цIыхубз комиссару пэжьащ, репрессие Iуэхур гуащIэ дыдэу ираГъэкIуэ-кIащ, социалист хабзэр я лэжьыгъэм къызэрыщIэзэпаудам икIи хейуэ цIыху куэд зэрагъэкIуэдам къыхэкIыу тIури якIуэжащ: зыр - 1938-м, адрейр - 1940 гъэм) и «Iэщхьэльащхьэр» дэгъэджэрэзеиуэ лажьэрт, къэралым и дежкIэ «мыдурыс» цIыхухэр - кьилтыкIуэу, игъэтIысу, игъэкIуэду.

А зэман тKIыбжьым Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м Къэрал кIуэцI IуэхуэмкIэ и цIыхубз комиссариатри и Iэр зэтедзауэ щысакъым. Къапщтэмэ, абы иригъэкIуэкIа оперативно-следственнэ хуэIухуэщIэхэм япкъ иткIэ, Бакэ къалэм къыщагъуэтри, Налшык къаШэжауэ икIи ягъэтIысауэ щытащ ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIохъущыкIуэ Аслъэнбэч и къуэр и къуэр и къуэхэмрэ и къуэшым и къуэхэмрэ щыгъуэу.

ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIохъущыкIуэ Аслъэнбэч и къуэм и анкетэм щыщщ:

Къыщалъхуа гъэр - 1883.

ЩIыпIэ къыщалъхуар - Зеикъуэ къуажэ.

Зыщыпсэу щIыпIэр - Баку, Большая Крепостная, 3/5.

Iэщ Iагъэр - шы IуэхуэмкIэ зоотехник.

Щылажьэ щIыпIэмрэ и къулыкъумрэ - Казский район, Азербайджан ССР, шы IуэхуэхэмкIэ зоотехник.

СоциальнэкIэ зыщыщыр - пщыщ, помещикщ.

И щIэныгъэр - курыт иримыкъущ. 1903 гъэм Харьков дэт реальнэ училищэм класси 6 къыщиухащ.

«Дзэ хужьымрэ» нэгъуэщI дзэхэмрэ къулыкъу зэрыщIар - 1918 гъэм Серебряков - Даутокъуэ гупым хэтащ.

И унагъуэкIэ зэрыщытыр - и щхьэгъусэщ Уэсмэн ипхъу Равидэ, илъэс 52-рэ зи ныбжьыр; узыншагъэр хьулэмыкIэ щыхуб комиссариатым и IуэхущапIэ «Анэмрэ бынымрэ» жыхуиIэу Баку дэтым и унафэщым и къуэдзэр.

ХьэтIохъущокъуэ Хь. А. имызакъуэу, ягъэтIысауэ икIи Налшык кьашэжауэ щытахэщ: ХьэтIохъущокъуэ Мысост ХьэтIохъущыкъуэ и къуэр. 1911 гъэм Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуар. Баку дэт Индустриальнэ институтым и 2-нэ курсым щеджэ студентыр; ХьэтIохъущокъуэ Исмэхьил ХьэтIохъущыкIуэ и къуэр, 1912 гъэм Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуар, Азербайджан къэрал университетым и физико-математикэ факультетым и ещанэ курсым щIэс студентыр; ХьэтIохъущокъуэ ХьэсэН Алджэрий и къуэр, 1917 гъэм Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуар, Куржым щыIэ шы завод №85-м шофёру щылажьэр. ХьэтIохъущокъуэ-Къапльэн Жамболэт Алджэрий и къуэр, 1920 гъэм Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуар, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа шы заводым шыхъуэу щылажьэр.

ГУ ЗЫЛЪЫТАПХЪЭ:

1) Иужьрей щIалитIым я адэ ХьэтIохъущокъуэ Алджэрий Аслъэнбэч и къуэр «дзэ хужьхэм» яхэту зэуащ икIи 1919 гъэм Псыжь лъэныкъуэмкIэ *(ахуэдэущ архив материалхэм къаззрыхэщыр)* зэхэуэм щыхэкIуэдащ.

2) Зи гугъу тщIа иужьрей щIалитIым я къуэш ХьэтIохъущокъуэ Аслъэнбэч Алджэрий и къуэр, 1911 гъэм Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуар, 1930 гъэм бадзэзэгъэм и 4-м яГъэтIысауэ щытащ, а лъэхъэнэм здыщыпсэуа Нартсанэ кьалэм щрубыдри икIи Кавказ Ищхьэрэ краим и «тройкэм» ищIа унафэм ипкъ иткIэ концлагерым яГъэкIуауэ щытащ, илъэси 10 тралъхьэри. Адэкlэ дауэ абы и Iуэхур къыщIидзыжами, архивым щIэлъ тхылъхэм къыщыгъэлъэгъуакъым.

Iэхуэхэм къызэрыхэщымкIэ, мыхэр яубыдыным лъабжьэ хуэхъуэр Зеикъуэ хуэхьэзэ щыщ колхозхэт гуп 1935 - 1936 гъэхэм сэхуран дагъэ ящэну Баку щыкIуам, ХьэтIохъущокъуэхэ ящыщ гуэрхэм яхуэзауэ икIи Совет властымрэ зэгухьагъащIэ колхозхэмрэ яхуэгъэзауэ абыхэм ирагъэкIуэкIа псалъэмакъырщ, гурыIуэгъуэу зэрыщытщи, щхьэусыгъуэр нэгъуэщIхэми.

ФIэщщыгъуэйщ колхозхэт гупым (зыбгъупщIым зэрыщхьэдэх щIагъэу щIэзэтхъым) гужьгъэжь гуэр хуаIэу ХьэтIохъущокъуэхэ яхуэпсэлъауэ. Псалъэмакъ гуэр абыхэм я Iыхьлы, я ныбжьэгъу, я хэгъэрей, я къуажэгъу гуэрхэм я деж щрагъэкIуэкIами, шэч хэмылъу, ар зытеухуауэ щытар ХьэтIохъущокъуэхэ зэрыпсэу икIи абыхэм зэрыхуэзар зэрафIэгъэщIэгъуэнкIэ. Ауэ щыхьэт хьисэпу органхэм щраджэм, абыхэм кьаIуэтэн хуей хъуащ я хуэзэныгъэмрэ здрагъэкIуэкIа псалъэмакъэмрэ «цырыцу» зэпкърыхауэ.

ЗыпкърыупщIыхьа колхозхэтхэм къызэрыуэтэжамкIэ, ХьэтIохъущокъуэ зэадзэзэкъуэхэм, зэIыхьыным жаIат езыхэр иджыри дунейм зэрытетыр, я псалъэм къыхагъэщащ Совет властым зэрыхуэмыарэзыр, я къуажэгъуэр къыхураджат колхозым къыхэкIыжу Iэнатlэ Iуувэнхэу, Конституцэщ Iэр къызэрымыщтэри абыхэм ябзыщIатэкъым, абы къыдэкIуэу я къуажэгъуэр ягъэIуэщхъат, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ирагъэкIуэм Ищхьэрэ къикIа цIыхухэр къарагъэтIысхьэн зэрядэу... Арати, следствиер екIуэкIырт, уголовно-процессуальнэ кодексым и хабзэхэм ар къитIасащэу щымытми. «ЩIыхьэтхэм» еупщIырт, ягъэхъуаншэхэм пкърыупщIыхьырт...

ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIохъущыкIуэ Аслъэнбэч и къуэм зэрыпкърыупщIыхьа протоколым щыщ:

Жэуап: Пщыуэ сыщытащ. 1918 гъэм си мылъкур зэрыщыту страхащ. КьыспэщIэхуэр злэжьу 1925 гъэ лъандэрэ сыкъокIуэкIыр... Си щхьэгъусэ - Шишинскэ Уэсмэн ипхъу Равидэ Кърым щыщ уэркъ унагъуэм кьахэкIащ. Кёрчь щапIащ. Мазэ зыгъуэкIэ Серебряков и гупым сыхэтащ, си фIэфIыныгъэкIэ сыхьыхьэри. ЯпэщыкIэ къызэрыгъэкI сэлэту сыщытащ, итIанэ прапорщик цIэр къысфIащащ. 1918 гъэ пщIондэ Гундэлэн и Iэшэльашэхэм я деж унэ щызиIащ. ЩIыуэ десятинэ 900 сIэщIэльащ. Бахъсэн ауэм хъупIи 2 щызиIащ... Зэкъуэшиплlми зэхэту щыкъуэ диар 150-рэщ. ЖаIэжыр ди адэм шы куэд иIащэ... Шэджэм Езанэм и Iэшэльашэхэм щIы щысIыгъакъым. Си адэм щIы, Iэщ куэд Iэщ Iэльащ. ЛIыщIэу - 3, унэIуту - 2, зэман хэхакIэ згъэлажьэу цIыхуи 6 сIыгъащ. ПщынII льэпкъ сIэщIэльэхъым. Си адэшхуэмрэ си адэмрэ апхуэдэхэр яIэу щытащ.

УпщIэ: Псыхуабэ унэ щызиIа?

Жэуап. ЩIыдиIащ. Си щхьэгъусэм щхьэкIэ абы дыхуейт. Ауэ 1915 гъэм ар тщэжауэ щытащ:

УпщIэ: ПщIыщ жыпIэр! Фэ Нартсанэ, Владикавказ, Киев, Мэздэгу, Налшык кьалэхэм унэ щызиIащ. Сыт ар щIыубзыщIыр?

Жэуап: Сэ зыри сыбзыщIыркъым: жыхуэпIэ щIыпIэхэм унэ лъэпкъ щызиIакъым.

УпщIэ: Дэтхэнэ ХьэтIохъущокъуэр арат иджырей кьалэ паркыр здэщыIэ хадэр зеяр?

Жэуап: Ар Iэщ Iэльат зи цIэр сэ къысфIащыжа си адэшхуэ ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIохъущыкIуэ. УэсэткIэ си адэм а жыг хадэр къыльысауэ щытащ. Иужьым си адэ ХьэтIохъущокъуэ Аслъэнбэч ар Бгырыс еджапIэм, иджы Пионерхэм я унэ уардэкIэ здэжьм тыгъэ хуищIыжауэ щытащ...

Зэрытлъагъуащ, къуажэ Советым органхэм яритауэ щыта справкэм итымрэ езы ХьэтIохъущокъуэ Хь. А. жиIэжамрэ зыкъомкIэ зэщхьэщокIыр, абы бгъэдэлъа мылъкумрэ и щхьэгъусэр зи пхъуу щытамрэ я лъэныкъуэкIэ мыбы кьыдэкIуэу къэгъэльэгъуапхъэщ, щIыхьэт папщIэу къагъэссбэпа, къуажэм щыщ колхозхэт зыкъомыжи жаIамрэ яГъэтIыса ХьэтIохъущокъуэ зэкъуэшхэм кьаIуэтамрэ зыгуэркIэ зэрызэщхьэщыкIри. Дэтхэнэр уи фIэщ пщIынуми жыIэгъуейщ, ауэ деплъынщ иужьрейхэм ящыщ цIыху зытIущым кьаIуэтэжам...

ХьэтIохъущокъуэ Мысост ХьэтIохъущыкIуэ и къуэм зэрыпкърыупщIыхьа протоколым щыщ:

УпщIэ: Следствиер щыгъуазэщ уэ Совет властым гужьгъэжь зэрыхуиIэм икIи абы и бийуэ зэрыщытым.

Жэуап: Сэ зэи Совет властым гужьгъэжь хузиIакъым. ЗыхуэзиIар цIыху щхьэхуэхэрщ. Къапщтэмэ, Баку дэт ухуакIуэ техникумым сыщыщIэтIысхьэм щыгъуэ зэран кьысхуэхъуахэрщ...

ХьэтIохъущокъуэ Исмэхьил ХьэтIохъущыкIуэ и къуэм зэрыпкърыупщIыхьа протоколым щыщ:

«ЩIы1э стройм (социалистическэ строй уварт жыхуиIэр) хуэгъэзауэ си гужьгъэжь сиIакъым... Ауэ Совет властым и орган щхьэхуэхэм сазэрыхьыжьарэзыр зэзэмызэ хэIуцIыIу сщIащ, щхьэусыгъуэншэу си анэр лэжьапIэм кьыIуагъэкIыжауэ зэрыщытам кьыхэкIыу...

ХьэтIохъущокъуэ Хьэсэн Алджэрий и къуэм следствием яжриIам щыщ:

«Сэ си къуажэгъу лъэпкъ сыхуэзауэ щытакъым (бззэракIуэ Баку кIуауэ щыта колхозхэт гупыр арат зи гугъу ищIыр), строй щыIэми, Совет властми, колхоз зэгухьахэми яхуэгъэзауэ мыхъун лъэпкъ жысIакъым. Контрреволюционнэ Iуэху лъэпкъ зэрызеэмыхуари быдзу кьыжьэIэр... Абыхэм я Iуэхукlэ зыгуэр кьыхсужаIами, пщIы зэфэзэщу кьызолъытэр...

И къуэшым хуэдэ кьабзэу ХьэтIохъущокъуэ-Къапльэн Жамболэт Алджэрий и къуэри контрреволюционнэ лэжьыгъэ гуэр зэрыримыгъэкIуэкIамкIэ щэсIпIэ ихьэжат, щыпкърыупщIыхьам щыгъуэ...

ЯIУЭХУР кьыщахуэкIым, хэт ищIэн мы насыпыншэхэр псэ зэпылъхьэпIэ дакъикъэм, сыхьэтхэм, махуэхэм, жэщхэм зэгупсыар? Зэманыгъуэ яIар зэрафIэкIуэдара? Мылъкушхуэ ябгъэдэлъар зэрамыIэжыр ара? НэгъуэщI щIыпIэ, хамэ лъахэ кьыщына я щхьэгъусэ, я анэхэм я гурыгъэзырат? Хьэмэрэ кьыщалъхуа кьуажэжьым зэрыкуэзэщарат? Абы кьыщеплъ щхьэкъуж акъужь кьабзэмкIэ зэрымыбзэжкыр, гупэмкIэ щджэх Бахъсэн псыжьым и хьущIэ мэкъыр зэрызэхамыхьжыр арат? Е я щхьэр ягъеижу я натIэм кьритхам егупсысхэрэт, зыри кьафIэмыIуэхужу?

Сытым емыгупсысами, сыт ямыгъэвами, Iейт абыхэм я натIэм кьритхар: ахэр ягъэкъуанщэрт контрреволюционнэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIауэ хуагъэфащэу, пащтыхьжьым игъэувауэ щыта хабзэхэмрэ муслъымэн динымрэ я телъхьэу кьалытауэ, партымрэ Совет властымрэ яхуэмыарэзыуэ кьафIэщIауэ, колхоз псэукIэм и бийуэ ущие лэжьыгъэ зыуб-гъуауэ ирагъэкIуэкIыу кьалытауэ. Мыпхуэдэ Iуэхуэмкlэ уаГъэкъуэншэныр а зэманым шынагъэт. ИкъуэкIэ шынагъэт. Абы кьыкIыр лагерь уагъэкIуэныр, илъэс куэд кьыптраКъуэу е гъащIэ лъапIэм упагъэкIыныр, укIкIэ уи судыр, нэхъ тэмэмыIуэу жыпIэмэ, уи унафэр ящIу.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ и цIыхубз комиссариатым и «тройкэм» щэкIуэгъуэм и 26-м 1937 гъэм къищта унафэм щыщ:

«Жыдэжру пащтыхьым игъуэта хабзэхэмрэ муслъымэн динымрэ зэрыщытхъым, властымрэ колхоз стройм яхуэгъэзауэ контрреволюционнэ къызэпIуднигъэ пэжыгъэ зэрыригъэкIыжыр.

ХьэтIохъущокъуэ ХьэсэН Алджэрий и къуэмрэ ХьэтIохъущокъуэ Аслъэнбэч и къуэм и унафэр ykIкIэ щIэн».

Апхуэдэ унафэ а махуэ дыдэм тращIыхьауэ щытащ абы и кьуитIми: Мысострэ Исмэхьилрэ. Унафэр етIуанэ махуэм жэщым сыхьэт 21-м зрызэщIащ

ЕкIуу, дахэу, зэщIэкъуауэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ЕтIуанэ махуэм, гъатхэпэм и 27-м, екIуэкIа зэхьэзэхуэхэм щызэрихьэлIащ зи хьэпсагъыр килограмм 68-м щхьэдэмыха щIалэхэмрэ килограмм 57-рэ зэхьыбэ зи мыхьэлъагъ хъыджэбзхэмрэ. Зэпеуэм кърикIуахэр къыщалъытэжьым, бжьыпэр зыубыдахэр хэт сымэми гурыIуэгъэ хъуащ. ЦIыхухъухэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Тыркум кьикIа Акйол Беркай. ЕтIуанэр хуагъэфэщащ Хорватием щыщ Гржич Филипп, ещанэр зэхуагуэщащ Польшэм и спортсменэу Лониевски Кирилл Кэрол Робакрэ.

Бзылъхугъэхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ ТхэвондомкIэ дунейпсо федерацэм хэт Гласнович Никита. УФ-м щыщу а зэпеуэм хэта Дрямовэ Миланэ етIуанэ хъуащ. Кипрым кьикIа Пилавакви Деспинэрэ УФ-м щыщ Волковэ Юлиерэ ещанэ увыпIэр зэдагуэшащ.

Ещанэ махуэм, гъатхэпэм и 28-м, Налшык СпортымкIэ и уардэунэм щызэпеуащ зи хьэпсагъыр килограмм 80-м нэс щIалэхэмрэ килограмм 67-м фIэмыкIа пщащэхэмрэ. ЦIыхухъухэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Тыркум щыщ Сари Юнус. ЕтIуанэр Армением и лIыкIыу Йеремян Арман хуагъэфэщащ, ещанэр УФ-м и спортсменэу Шэшэн Республикэм кьикIа Устаев Саидрз Челябинск кьалэм щыщ Гаун Альбертрэ зэдагуэшащ.

Пщащэхэм ирагъэкIуакIа зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщихьащ УФ-м щыщ Барышкинэ Анастасие, ТхэвондомкIэ дунейпсо федерацэм и цIэкIэ мы зэпеуэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа Йоханссон Элин етIуанэр хуагъэфэщащ, Хорватием кьикIа Сумич Маринэрэ УФ-м щыщ Животковэ Аринэрэ ещанэр зэдагуэшащ.

Иужьрей махуэм, гъатхэпэм и 29-м, екIуэкIа зэхьэзэхуэм щызэрихьэлIащ зи хьэлъагъыр килограмм 80-м щIигъу щIалэхэмрэ килограмм 67-м щхьэдэхэ бзылъхугъэхэмрэ. ЦIыхухъухэм я деж псом нэхърэ нэхъ лъэщу къыщыщIэкIащ УФ-м щыщ Ларин Владислав. Азербайджаным кьикIа Исаев Радик етIуанэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ. Ещанэр зэдагуэшащ Хорватием щыщ Голеч Ведранрэ Сербием и лIыкIыу Джуричич Маркэрэ.

ЦIыхубзхэм ирагъэкIуакIа иужьрей зэIущIэм щызэрихьэлIаэр Тыркум кьикIа Кус Нафиярэ Хорватием щыщ Ивэ Радосрэзэ. ЗэрытемыгъэкIуэным хуэдэт тIури, апхуэдизкIэ зэуэкIэм хуэIаэзти, ауэ Тыркум щыщ пщащэр нэхъ ерыщу къыщIэкIащ. Къенекъуэкъуам ар очко бжьыгъэкIи текIуащ. Апхуэдэ щIыкIэм тету, япэ, етIуанэ увыпIэхэр а бзылъхугъэ цIыкIуитIым зэхуагуэшащ. Ещанэр зыхуагъэфэщар Норвегием щыщ Скаар Тинэрэ Украинэм кьикIа Коневэ Маринэрэщ.

- ТхужьIэнущ Налшык щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм би спортсменхэр кьаэзарыхэбжьыбIыкIар ди къэралым и Правительствэр сыт и лъэныкъуэкIи кьыззрыддэIэпыкъым и фIыщIэу, - жиIащ чемпионатыр кьаззрыщыхьуам и гугъу едгъэщIыну дэ зызыхэдгъэзэ, Тырку къэралыгъуэм ТхэвондомкIэ и федерацэм и техническэ директор, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыздаша спортсменхэм я тренер нэхъыщIэхэр Шахин Алий. - Мы спорт лIэужьыгъуэм дихьэхыу ди деж кьэкIуэ щIалэгъуалэм я Iэпкъльпэкъыр псыхьарэ хьэл-щэн екIуи яхэлъу гъэсэным ерыщу яужь дитщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Бзылъхугъэ гуащIафIэ

● Ди псэлъэгъухэр

Хьэл-щэнкIэ дахэ, псэкIэ гуапэ, зи псальэр Iущ бзылъхугъэр лъэпкъ узыншэм и нэщэнэщ. АбыкIэ щапхъэщ нобэ ди псэлъэгъур - Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат, Налшык дэт 4-нэ школ-гимназием и унафэщI Нэгъуэй Риммэ.

- Риммэ, сабийхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным теухуауэ республикэм и Iуэхур зытетым дауэ уеплърэ?

- Егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкIэ ди гъащIэм щIэ куэд кьыхьхащ. Ар хъарзынэщ, ди пIэ дыззримыджьхьыр къэзыгъэлъагъуэ нэщэнэщ. Ауэ, итIани, дэтхэнэ Iуэхугъуэми зы чэзу гуэр иIэу кьэунэхун хуеиуэ къыщIэкIынущ. Псори зэуэ кьыззащIэрыуэмэ, ЕГЭ, ГИЕ, уаэхуэр зэрагъэувэ щIыкIэр, ФIГОС жыпIэмэ, куэдым захъуэжащ. Мис а псоми кьрикIуэнур щызыхэтщIэнур пIалъэ гуэр дэкIмэщ. Ауэ зэхъуэкIынигъэм ущыщтэ хъунукъым, абы сэбэпынагъыу хэлъым гу лъытапхъщ. ЩIэуэ къэунэхуэхэм дэри Iэмал кьыдат зыдужьыну. Федеральнэ программэкIэ гуэр щIэщ. Абыхэм ящыщ гуэрхэр федеральнэ мылъкукIэ ягъэзащIэ, къэралми республикэми я бюджетым кьыхэкI мылъку зэхэдзэкIэ зэфIахьыни щыIэщ.

- ЩIэблэр егъэджэным, гъэсэным теухуауэ фи школым и зэфIэкIым утеегъэпсэлъыхьынут.

- Ди жагъуэ хъуурэ щIэх-щIэхыыр зи гугъу тщIыращи, мы зэманым сабийхэр тхылъ еджэжьыркъым. СхужьIэнукъым ар езыхэм я хуэмыхуагъым кьыхэкIыу е цIыхухэм я щIыкIэм зихъуэжауэ. Ар сэ зыхэслъагъэр гъащIэм хуэдизкIэ зэхъуэкIынигъэхэрщ - иджыпсту хъыбарыр уэру къыщыкIуэ зэманщ. Сабийм куэду егъуэт хъыбар кьигъэхъуапIэ: телефонымрэ, Интернетыр, газетхэр, телевиденэр, радиор. ЦIыхум и щхьэм апхуэдизу хъыбар зэуэ иримыубыдэфынкIи хъунщ. АтIэ, литературэри хъыбар кьигъэхъуапIэщ. Сабий ахъыым зэригъэзэхуэфыркъым дэтхэнэ хъыбар щхьэпэми, дэтхэнэм зыщыбдзеин хуейми. Мыбдежьым куэд елъыта мэхъу егъэджакIуэм кьигъэсэбэп Iэмалхэм. Сабийм кьыгурыгъэIуэн хуеищ Интернетымрэ тхылъымрэ зэрызэщхьэщыкIыр: Интернетым хъыбар нэпщIкIэ укъыщигъэщIэхъу кьыззрихьыр, литературэр зэманым зэригъэунэхуар - укъызэримыгъэпщIэнур. Ар жепIэ жьудейкIэ зэфIэкIынукъым, атIэ щапхъэ дахэхэмкIэ гу лъагъэтэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ школым щыдогъэкIуэкI Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Кроссбуккинг» фестивальр. Абы хуэдизкIи 10 - 15-кIэ дэтхэнэ еджакIуэри топсэльыхь иужьу зэджа, игу ирихьа тхылъым - ар зэпкърех, и ныбжьэгъу цIыкIуэхэми щIаджыкIынкIи чэнджэщ ярет. «Утыку зэIуха» и фIэщыгъэу Iуэху идогъэкIуэкI. Махуэ псом утыкум щолажьэ микрофоныр. Дерс зэхуаку зыгъэпсэхуГъуэхэм деж сабийхэр абы бгъэдыхьэурэ е ягу ирихь усэ е художественнэ тхыгъэм щыгъ пычыгъуэ кьоджэ. Ди ехьэлIэныгъэхэм ящыщу робот техникэхэмкIэ «РобоФест-2015» VII урысейпсо фестивальм гимназием и гъэсэнхэр зэрыхэтар. ЩIыналъэ 52-м кьикIа гуп 700 зыхэта зэпеуэшхуэм 3-нэ увыпIэ къыщытхащ. Абы щыдгъэлъэгъуам нэмыщI, нэгъуэщI зы робот тельыджи диIэщ, Сосрыкъуэ фIэтщащэ.

Ди школым мыхьэнэшхуэ щиIэщ гъэсэныгъэм. Сыту жьпIэмэ гъэсащ щIэныгъэми гупыж хуэзыщIыр. Дахагъэщ сабийр зыщIэныкIыпхъэр. Абы кьыхэкIыуи ди гуащIэр зытеухуар щIэблэм я зыужьыныгъэрщ. Ди еджакIуэ цIыкIуэхэр щэныфIэщ, нэмыс яхэльщ, гурыхуэхэщ. Дэтхэнэ школми ущIыхьэрэ тIэкIу зыщыпплъыхьмэ, щIэхыу кьыбгурыIуэнущ абы щеджэхэм ират гъэсэныгъэр зыхуэдизыр. Бльнэкэр зэхэмытхыхьамэ, удз гъэгъаэхэр мыфыщIамэ - ар, псалъэм папщIэ, и нэщэнэщ сабийхэр зэрыгъэсам. Куэдрэ зэхьбох щIалэгъуаэр яубу, ар сыт хуэдэ зэманми лIэщIыгъуэми и нэщэнэщ. Сэ кьызолъытэ, япэрауэ, нэхъыщIэр зэхэщIыкIын хуейуэ. НыбжьыкIэ щIалэм гукъанэ хуэзыщIыныр тыпш дыдэщ, удэIэпыкъунырщ акъыльфIагъэр.

- Школым и унафэщIым нэхъыщхьэу сыт хуэдэ хъэл-щэнхэр хэлъыпхъэ?

- Гурэ псэкIэ ухуэпабгъэу щытын хуейщ еджакIуэ цIыкIухэм къазэребгъэхъулIэнIам. Ди сабийхэм я дэтхэнэ зэфIэкIми езыхэр зэрыщыгуфIыкIым хуэдэ дыдэу сэри сыщогуфIыкI. ГуфIэгъэуэр щызэдэтIэт, гупсысэ щызэтхьэлIэ, чэнджэщ щызэкIуэ зы унагъуэшхуэм хуэдэщ ди школыр. Сэ сыщыунафэщIкIэ, сабийм дахэкIэ сыдекIуэкIын, абы пщIэ зэрыхуэсщIыр, къызэрикIуэ-Iуэхур кьыгурыгъэIуэфын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ си лэжьакIуэхэми сахуэарэзыщ.

- Риммэ, урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу иIъэс куэдкIэ уплъэкIащ. ТхакIуэхэм ящыщу пажэу къэплъытэ, зи Iэдакъэ- щIэкI нэхъ уеджэрей уиIэу къыщIэкIынщ...

- Тхылъым гупыж хуэсщIащ сыцIыкIуу. Ди кьуажэ клубым библиотекэ хэтт. Абы си адэм сишауэ «Курочка ряба», «Морозка», нэгъуэщI шыпсэ цIыкIуэхэри иту тхылъ къыслъэрыхьэри сызыIэпишат. Тхылъыкъ ехьэлIа псорипсэ сфIэфIт. Хьэлэ сабийхэм я егъэджакIуэу сыджэгуну си хьэлт. Ди унэ щIыбагъым ди нэ къыфIэнэ хьэпшыпкэр етхьэкIырти, театр тепльэгъуэхэр дгъэлъагъуэрт, хьэблэ фызхэр зэхуэтшэсырти, захуэдгъэщIагъуэу абы едгъэпльырт. Арауэ си гугъащ егъэджакIуэ сыхъун хъуэпсапIэри кьызыхэкIауэ щытар.

СиIэщ фIыуэ слъагъу тхакIуэхэр. Псалъэм папщIэ, классикхэр - Бунин, Чехов, Булгаков сымэ. Зымахуэ гупсэхуу щIээджыкIыкIажащ Бунин и усэхэр. Си нэгум къыщIагъэхьэрт си кьуажэр, адэ-анэр, ди унэр, щIыуэпсыр - си псэм къеIэзэрт дэтхэнэ сатыри. Сатирикхэу Аверченкэ, Зощенкэ сымэ спэгъунэгъущ. Адыгэ тхакIуэхэм ящыщу си гум кьыдохьэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд. Щоджэн Леонид и сабий усэхэри зыми пэсщIыркъым. Хамэ къэрал тхакIуэхэм Фолкнер кьхэзэгъэщынт.

- Уи депутат лэжьыгъэм и гугъу уэзгъэщIынут...

- Депутат лэжьыгъэр сэркIэ щIэщ - мыгъэращ Парламентым сыщыхахар. Дэтхэнэ IуэхугъуэщIэмэ узыIэпишэ, нэхъыбэм хуэIэкIуэхуэ Iуэ узэрыхъуным ухуеунэтI. Сыхэтщ ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуаэм я IуэхухэмкIэ, Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узышнагъэр хъумэнымкIэ комитетхэм. ЩIэх-щIэхыурэ дызэхуос, республикэм и цIыхухэр зыгъэнIейтей Iуэхугъуэхэм дытопсэльыхь. Гупсысэ зэхэдзэ дощI, дызоунэджэщ, дызодауэ - апхуэдэурэщ хэкIыпIэ къызэрыркъыгъуэтыр. Депутатхэм я лэжьакIэр, кьаIэт Iуэхухэм зэрытепсэльыхь щIыкIэр сигу ирохь. Сэ IэнатIэм сыпэрыувагъащIэри, а псоми сфIэзыщIэнтыну сакIэльэпIэ. ЦIыхубэм сэбэп сахуэхъуну сыхуейщ, республикэм и зыужьыныгъэм си гущIэ гуэр хэслъхьэну си кьалэну кьызолъытэ.

- Бзылъхугъэ къулыкъущIэу ущытыныр гугъу?

- Адыгэ бзылъхугъэм и пщэм кьалэн куэд кьыдохуэ. Ар анэщ, шыпхъущ, благъэщ, гъунэгъущ... Дэтхэнэми гулытэ хуищIын папщIэ, псэкIэ гуэхыр щехьи кьохъу. Ауэ, зэрытлъагъущи, бзылъхугъэм хъарзынэу хуэздох унагъуэ Iуэхуэри аужьыгъэри. ИкIи ар цIыхубзым и деж кIэ Iэпэ зэрыгъэсыжащ.

Епсэлъаф **ГУГЪУЭТ Заремэ.**

Мыхьэнэ щIагъуэ зимыIа зэIущIэ

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Астрахань» (Астрахань) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 28-м. ЦIыху 500 еплъащ.

Судьяхэр Певчев (Курск), Шамарэ, Клепцов (тIури Дон Iус Ростов щыщщ).

«**Спартак-Налшык**»: Городовой, Васильев А., Кузнецов, Дашаев, Каркаев, ДыщэкI (Семенов, 57),Ахриев (Огурцов, 58), Бажэ, Крыжевских (Гузь, 55), Кьуэн 3. (КIыщ, 79), Гугуев (Гуэщокъуэ, 65).

«**Астрахань**»: Коновалов, Анисимов, Зотов, Гараев, Васильев К., Ануру, Сечин, Гузовский (Синяев, 73), Панфилов (Качурэ, 81), Голубев (Ажмухамбетов, 87), Болонин (Атти-Байебэ, 90+1).

Дагъуэ хуащIащ Дашаевым, Васильев А., Качурэ.

Джэгум хахуащ Васильев К.

КЪРЫМЫМ щыщ командэхэр Урысей Федерацэм футболымкIэ и чемпионатым хагъэтын мурадкIэ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупыр тIу зэрыращIыкIам и зэран зэхьэзэхуэм екIащ. Зэпеуэр адрейхэм маззэкIэ кьакIэрыхуауэ нэгъабэ зэрыщIадзам ищIыжьыкIэ, а псори псыхэкIуадэ хъуащ. Европэм (УЕФА) дуней псоми (ФИФА) топджэгумкIэ я зэгухьэныгъэхэм къыщалъытащ Крымыр Урысейм щымыщу икIи абы и командэхэр а къэралым щыджэгуну химыту. Зэхьэзэхуэм и нэхъыбэр екIуэкIуэ Симферополь, Ялтэ, Севастополь щыщ гупхэр етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм хагъэхЬыжри, ахэр зыхэта зэIущIэхэр щымыIауэ къалъытащ. Арати, зыкъом зэхэзэрыхьащ. Иджы япэ гупым къыхэнэжар команди 8-щ, дыдейхэр зыхэт етIуанэ гупыр 11 мэхъу. Дэтхэнэми ящыщ зыр судьям зэIущIэм хихуа иужькIэ. Ауэ а Iэмалри ди щIалэхэм къахуэгъэзэбгапкъым.

Зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм япэ дивизионым щыщIэбэнынухэм ящыщу командитхур ди гупым наIуэ щыхъуащ. КIэух зэIущIэм щызэхэкIын хуейщ екIуэ еханэ хъунур хэтми. Ар Волгоград и «Ротор»-р е Нэзрэн и «Ангушт»-ращ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым мы гъэм япэу щызэхэта джэгугъуэм кьрикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Анжи-2**» (Мэхьэчкалэ) - «**Астрахань**» (Астрахань) - 1:1, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Таганрог**» (Таганрог) - **4:0**, «**Тэрч-2**» (Грозный) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **1:1**, «**Ротор**» (Волгоград) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **2:2**. Нэхьапэ IуэкIэ (гъатхэпэм и 25-м) «**Ангушт»-мрэ «Таганрог»-мрэ** тIощIрэ еплIанэ джэгуГъуэм щыщ зэIущIэр Нэзрэн кьалэм щрагъэкIуэкIыжащ. Ар лъэныкъуэхэр зэрытемыгъэкIуауэ, **0:0-у**, ихуащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ Iыхьэм налшыкдзэхэр япэ щыщыфыну щытащ. АрщхьэкIэ Огурцов Николай метр зыгъэхуэкIэ фIэкIа гъуэм пэмыжьыжьэу зэуа топыр гъуэщхьэтетым къиубыдащ.

Джэгум и кIэух дыдэм хьэщIэхэр нэхъ мащIэу кьэнащ, я гуащхьэтетхэм ящыщ зэрыIуэхуа иужькIэ. Ауэ а Iэмалри ди щIалэхэм кьахуэгъэзэбгапкъым.

Зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм япэ дивизионым щыщIэбэнынухэм ящыщу командитхур ди гупым наIуэ щыхъуащ. КIэух зэIущIэм щызэхэкIын хуейщ еханэ хъунур хэтми. Ар Волгоград и «Ротор»-р е Нэзрэн и «Ангушт»-ращ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым мы гъэм япэу щызэхэта джэгуГъуэм кьрикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Анжи-2**» (Мэхьэчкалэ) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **1:1**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Таганрог**» (Таганрог) - **4:0**, «**Тэрч-2**» (Грозный) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **1:1**, «**Ротор**» (Волгоград) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **2:2**. Нэхьапэ IуэкIэ (гъатхэпэм и 25-м) «**Ангушт»-мрэ «Таганрог»-мрэ** тIощIрэ еплIанэ джэгуГъуэм щыщ зэIущIэр Нэзрэн кьалэм щрагъэкIуэкIыжащ. Ар лъэныкъуэхэр зэрытемыгъэкIуауэ, **0:0-у**, ихуащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ Iыхьэм налшыкдзэхэр япэ щыщыфыну щытащ. АрщхьэкIэ Огурцов Николай метр зыгъэхуэкIэ фIэкIа гъуэм пэмыжьыжьэу зэуа топыр гъуэщхьэтетым къиубыдащ.

Джэгум и кIэух дыдэм хьэщIэхэр нэхъ мащIэу кьэнащ, я гуащхьэтетхэм

Кубокым щIэбэнын ирагъажьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и Кубокым 2015 гъэм къэхьыным техуауэ зэхьэзэхуэм щIидзащ. Иджыблагъэ екIуэкIащ финалым и 1/16-нэ Iыхьэм хьыхь зэIущIэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Кубокым нэгъабэ и финалым щыджэгуа «Кэнжэмрэ» «Къэхъунымрэ» я екъупIэнIыгъэхэм иджыри пащэну зэроамурадыр япэ зэIущIэхэм щыщIэдзауэ кьагъэлъэгъуащ. НэгъуэщI стадионхэм щыджэгуа пэтми, абыхэм я хьэрхуэрэгъуэхэр хагъэщIащ. Апхуэдэу кэнжэдзэхэр 3:0-у «Бэтэхым» ефIэкIащ, Къэхъунымрэ къуажэм икIахэр «Курорт»-м 2:1-уэ теКIуащ.

Мыгувэу финалым и 1/8-нэ Iыхьэм хьыхь зэIущIэхэр екIуэкIынущ. Абы щызэхуэзэнущ «Къэхъун» - «Велес», «Тэрч» - «Псыгуэнсу», «Спартак-Налшык-Т» - «Родник», «Кэнжэ» - «Къэбэрдей», «Союз» - «ЛогоВАЗ», «Нарт» - «Бедиж», «ШэджэмIы» - «Автозапчасть» командэхэр. КъыщынэмыщIауэ, «Школа №31» - «ЩтауЧ» зэIущIэм щытекIуэр - «Бахъсэным» IущIэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Динамо-ГТС»	19	10	5	4	21-11	35
2. МИТОС	19	9	7	3	30-12	34
3. «Мэшыкъуэ-КМВ»	19	9	6	4	25-20	33
4. «Спартак-Налшык»	19	8	6	5	26-15	30
5. «Таганрог»	19	7	7	5	17-16	28
6. «Ротор»	19	6	6	7	25-24	24
7. «Ангушт»	19	5	7	7	13-23	22
8. «Анжи-2»	20	5	7	8	14-22	22
9. «Алания»	19	5	5	9	21-33	20
10. «Тэрч-2»	19	3	8	8	11-17	17
11. «Астрахань»	19	4	4	11	18-28	16

«Налмэсыр» къыфпоплъэ

ЦIыхубэ къафэхэмкIэ «Налмэс» къэрал академическэ ансамблым и концертым фыдогъэблагъ.

Концертыр Налшык и Музыкэ театрым мэлыжьыхьым и 11-м щекIуэкIынущ. ЩIыщIидзэнур сыхьэт 19.00-рщ.

Билетхэм кассэм фыщыщIэупщIэ. Телефонхэр: 8 8662 77 42 08, 8 952 078 36 05.

Дзэм къулыкъу щызыщIэнухэр къыхах

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым Налшык кьалэм дэт и къудамэм дзэм контракткIэ къулыкъу щащIэн папщIэ къыхех си ныбжьыр илъэс 40-м фIэмыкIа, иджыпсту запасым щыIэ цIыхухэр.

КонтракткIэ къащтэхэм къулыкъу щащIэнущ Шэшэн Республикэм щыщ Шали къуажэм, Новороссийск, Буденновск, Ставрополь, Мейкъуапэ кьалэхэм.

КонтракткIэ къулыкъу зыщIэну хуейхэр йокIуалIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым Налшык кьалэм дэт и къудамэм. ХэщIапIэр: КъБР, Налшык кьалэ, Уэлдэжырым и уэрам (Красноармейскэ уэраму щытар), 26, 50-нэ пэш. Телефоныр: 44-10-83.

Щылажэ зэманыр: блыщхьэм, бэрэжьейм, мэремым сыхьэти 9-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху.

ЗэрыщIегъуэжамрэ сабийхэмрэ я фIыгъэкIэ

● КъБР-м и прокуратурэм

КъБР-м и Прохладнэ район судым унафэ трищIыхьащ Щублаков А. Х. Ар ягъэхъэшащ УФ-м и УК-м и 228-нэ зэпытэ IыхьэмкIэ (афиянхэр куэду зэрызыIэригъэхьан икIи зэрихъумам папщIэ).

СУДЫМ игъэбелджылащ 2015 фермэм и щIыналъэм щIэп гъэм щIышылэм и 7-м и щэджагъуэм Щублаков а районым щыщ Благовещенкэ къуажэм щыIэ Iэщ хъу каннабисыр (марихуанэр) езым зрихьэлIэну и мурадт. Ар а махуэм дыдэм полицэм и лэжьакIуэхэм къытрахащ.

Судым Щублаков А. Х. къуаншэу къыльытащ икIи ищIам зэрехущIегъуэжар икIи ипIын хуейуэ сабиитI зэриIэр къыльытэри, илъэсищ трилъхьащ тезырыр лъэхъущщым имысу ирихьыкIыну.

КъБР-м и прокуратурэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфыцl Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабэзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапи Iэмэ ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэмэ - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхутыгъэхэм я пэжагъыкIэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъэуэм и 14-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи Iэм № Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Элэ, редактору ЖЬэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ)*, **Мырзэкъан ФатIимэ** *(3, 4-нэ). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №525